


SIMBA RAKAKWANA

KUBUDIKIDZA

NEHUTERA HWAKAKWANA

 Mangwanani, shamwari. Zvakanaka kubuda zvakare mangwanani ano pamangwanani akuri kunaya, kuchidonha mazaya echando, zvakasangana-sangana. Ndinoziva kuti vazhinji venyu mava nenguva yakaomarara yekutyaira, muchibva kure. Uye tine vamwe...shamwari idzi dzinokosha dzinobva kuChicago neAlabama neGeorgia neTennessee neIllinois uye nekumativi ose, pamazuva ano, saka tiri...tinovimba kuti Mwari vachakupai chengetedzo yaVo pamunofamba. Uye munamato wedu kuti Vakuchengetedzei mumigwagwa, mumigwagwa iyi ine njodzi painotsvedza munguva yechando. Uye ino inyika yakaipa munguva yechando. Inyika yakanakisa kwazvo iripo mumwaka wepfumvudza kana mumatsutso, asi munguva yechando nomuzhizha yakaipa kwazvo.

² Zvino, handifungi kuti vati vave kurekodha mukati umo izvozvi. Uye ndinoda kutaura chimwe chinhu pamusoro peSvondo yapfuura, mumharidzo. Chikonzero sei ndaka—ndakamisa tepi uye ndikasavatendera kutengesa tepi iyi, kuiburitsa kunze, zvinoka, imhaka yekuti ndinofanira kuinzwa kutanga. Nokuti nguva zhinji, nenzira iyoyo, ndinotaura zvinhu muchechi muno zvandaisazoita pamberi peruzhinji kunze saizvozvo, nekuti dzimwe nguva zvinokonzeresa zvigumbuso. Uye dzimwe nguva zvinotokonzeresa mibvunzo pakati pevanhu vedu pano patabhenakeri. Uye zviri. . .

³ Handitaure izvi...kutaura zvinhu izvozvo kuti ndive ndisina hanya, asi dzimwe nguva pasi pechizoro unoziva zvinhu zvausingadi...usingatombodi kuudza vanhu. Uyezve dzimwe nguva pasi pechizoro chimwe chinhu chinogoyerekana chabuda, munoona, uye hauchicherechedzi. Uye chimwe chezvinhu zvandinotenda zvakataurwa (Svondo iya yapfuura) chinogona kukonzera mumwe munhu...pandakataura kuti handina kumbobvira ndakatenda mukudanira vanhu kuartari. Maona?

⁴ Ndinoda kutaura izvozvo uye ndozvijekesa kuti munzwise. Hakuna kumbodanirwa vanhu kuartari muBhaibheri rose. Hakuna chinhu chakadaro muMagwaro. Hakuna mukufamba nemumazera kusvika muzera reMethodisti, angaite makore 200

apfuura, munoona.

⁵ Kudanira vanhu kuartari ndeapo vanhu vanouya voedza kunyengetedza nekudhonza vanhu, “Huya kani, John. Unoziva, ivo... Amai vako vakafa, vachikunamatira. Huya kani, John.” Ikoko hakusi kupikiswa mumoyo, shamwari. Kwete. Ivavo—ivavo vakadaro, ini... kashoma chaizvo kuti unzwe mumwe anoenda kure. Uye, mune izvozvo, unowana zvose hazvo. Ndicho chikonzero chechi yavhiringika nenzira yairi nhasi, imhaka yezvinhu zvakadaro.

⁶ Kupikiswa mumoyo, hautombodi kuti utaure chimwe chinhu, hama, Mwari varipo uye vakatopedza kuita basa racho. “Petro achiri kuitaura Mashoko aya Mweya Mutsvene wakawira pamusoro peavo vakanzwa Shoko.” Maona? Maona? Maona? Hapana kudanira vanhu kuartari, munoona, hakuna chinhu chakadaro.

⁷ Zvino, artari inzvimbo yekunyengetera apo munhu wese anouya kuchurch anofanira kutanga aendapo, vopfugama paartari, vonyengetera chinyararire kuna Mwari uye vopa chikumbiro chavo chemunamato uye—uye nechevadikani vavo, nekutenda Mwari nezvavakavaitira, zvadaro vodzokera havu kuchigaro chavo.

⁸ Uye zvakare chechi inzvimbo iyo Shoko raMwari... “Uye kutongwa kunotangira muImba yaMwari,” umu munobuda kutonga kweShoko. Zvadaro... Asi nhasi, ti—tinovvishandura izvozvo zvakananya.

⁹ Zvino, handina chandinopesana nemunhu anodanira vanhu kuartari, munoona. Ndizvo... Uye ini ndakaita akawanda pachezvangu, uye zvichida ndingangoita mamwezve akawanda kana ndikaramba ndichifambira mberi. Asi ndingori ini pachangu... Munoona, u—u—unokumba zvakawandisa. Uye hapana chakaipa pazviri, hapana chingakuvara mazviri. Zvakanaka. Maona?

¹⁰ Nokuti, teererai, Jesu akati, “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kutenge kwekunge Baba vaNgu vamukweya kutanga. Uye vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri.” Ndizvozvo. Saka zvino, munoona, vari... Zvinobva zvanyatsorasira kunze zvachose kudana kwako vanhu kuartari. Maona? Mazviona here? “Vose avo Baba...” Iwe...

¹¹ Mungava wedu—wedu ndewe “kuperidza Shoko.” Bhaibheri rakati, “Vose zvavo vakatenda vakabhabhatidzwa.” “Tendeukai, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganirwe, muregererwe zvivi.” Chii? “Bhabhatidzwai muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi, munoona, uye muchazobva magamuchira chipo cheMweya Mutsvene.”

¹² Asi paunonyengetedza nekudhonza nekuvhundutsa vanhu, nekutsvetera vanhu... Vanhu vanofanira kuuya vakabengenuka, vakadzikama, vaine kupikiswa mumoyo,

uye vogamuchira Kristu. Zvino chinhu chekutanga chavanoita pavanogamuchira Kristu vagere muzvigarozvavo, chinhu chinotevera kubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu kuti zvivi izvozvoviregererwe kuti vakagutsikana kuti havana kururama. Ndiko kuregererwa kwavanoitwa zvivi zvavo, munoona. Nokuti vatendeuka; vakabhabhatidzwa sechirangaridzo kuvanhu, kuti, “Ndagamuchira Kristu seMuponesi wangu ini”; zvino wava nhengo inokodzera kugamuchira Mweya Mutsvene.

¹³ Uye, zvino, vanhu vazhinji vanoenderera mberi, vachinyengetedza nekudana vanhu kuartari, nezvimwe zvakadaro saizvozvovo, izvo zvinova zvakanaka. Ndinobvumirana nazvo, zvakanaka chose sekuona kwangu, chero munhu anoda kuzviita. Asi, kwandiri, hazvisi muMagwaro, munoona, uye saka ndi—ndinongoda kugara neMagwaro.

¹⁴ Uye naizvozvovo chikonzero ndambobata tepi iyi imhaka yekuti ukazoiburitsa tingazova netsamba 500 pavhiki dzekupindura. Ese...Kungotsika patsika diki yemumwe munhu, uye ndizvo zvega zvaunofanira kuita, zvoze zvinobva zvatongotanga zvakare.

¹⁵ Uye ndinofunga, nguva zhinji, kuti ndinoti tsoropodzei zvakananyisa pazvinhu zvakasiyana-siyana zvakadaro. Uye handireve kuva ndakadaro, asi dzimwe nguva mahofisi anokukweva nenzira iyoyo, munoona, iwo—iwo anokuita kuti urekere kwakadaro. Uye saka ndine chokwadi chekuti vanhu vanozvinzwisisa izvozvovo.

¹⁶ Zvino, tinotenda zvikuru kuti tichina Baba veKudenga vane mutsa Vano—Vanotarisa napamusoro pekukanganisa kwedu uye havakuise patiri.

¹⁷ Ndaiverenga muBhuku re—reVaRoma, chitsauko 4, umo Pauro akanyora chi—chirevo chaMwari chehupenyu hwaAbrahama. Zvino, tinoziva kuti Abrahama nguva zhinji aita sekukanganisika sezvatinoita isu. Asi apo... pakazonyorwa chirevo pamusoro pake, hapana kana chimwe chekukanganisika kwake chakataurwa, munoona, haana kumbozvitaura zvachose. Akati:

Abrahama haana kudzedzereka *pachipikirwa chaMwari* kubudikidza *nokusatenda*; asi akanga akasimba... achipa rumbidzo kuna *Mwari*;

¹⁸ Munoona, uye ndiyo nzira yandinovimba kuti yangu ichanyorwa kumusoro Ikoko, hakusi kukanganisa kwangu nezvoze, asi izvo zvandinongoedza kuita, vavariro yemoyo wangu kuitira vanhu vaMwari.

¹⁹ Uye zvino tauya mangwanani ano ku—kuedza kuunza mharidzo diki pano iyo zvichida Ishe vaisa patiri kuti tipe kuvanhu. Uye tichivimba kuti ichakuitirai zvakanaka uye nokundiitirawo zvakanaka, nokuti tiri pamwe chete uye tiri kurarama munguva hurusa, nemazuva ekupedzisira. Saka

tisati tava nemunamato, ndinoda kuverenga nzvimbo shoma muShoko; imwe tisati tanamata, uye imwe yacho mushure mokunamata. Uye kutanga, kuvhura sevhisi yedu, kana, chikamu chino chayo, ndinoda kuverenga kubva muBhuku raVaHebheru. Chitsauko 11 chaVaHebheru, uye 30-...Ndima 32, kutanga, ichtaura pamusoro pekutenda.

Zvino *ndichataureiko zvimwe?* kana kuti nguva ingandiperera kuti nditaure *zvaGidheoni*,... *zvaBharaki*,...*Samusoni*,...*naJefta*;...*Dhavhidhi*...
Samueri, navaporofita:

Avo nokutenda vakakunda ushe, vakaita zvakarurama, vakawana vimbiso, vakadzivira muromo weshumba,

Vakadzima simba romoto, vakapunyuka munondo unopinza, uye kubva muhuteru...vakava nesimba, vakava nehushingi pakurwa, vakadzinga mutorwa, hondo dzavatorwa.

Vakadzi vakapiwazve vakafa vavo kuhupenyu... uye vamwe vakatambudzwa, vakaramba kusunungurwa; kuti vavane kumuka kuri nani:

Uye *vamwe* vakava nemiyedzo...kunyombwa kune hutsinye...kurohwa, hongu, uyezve *vachisungwa*... nokuiswa *mutorongo:*

Vakatakwa namabwe, vakachekwa nemasaha, vakayedzwa,... vakauraiwa nomunondo: ... vakadzengerera vakafuka matehwe amakwai namatehwe embudzi, vachiritaira,... nekurwadziswa;

20 *Tarisai mabhuraketsi aya:*

(Nyika haina kufanirwa navo:) vakadzengerera mumarenje, nomumakomo, nomumakomba nomumapako enyika.

...vose ava, vakati *vapupurirwa* zvakanaka kubudikidza *nokutenda, havana kupiwa vimbiso:*

Mwari vachinge vakatigadzirira *chimwe chinhu* chiri nani, *kuti ivo* pasina isu havagoni *kukwaniswa.*

21 *Pandinoverenga nyaya idzodzo dzemasoja iwayo ehumhare, Handizive kuti huchapupu hwedu hudiki huchamira papi nevanhu ava paZuva iroro.*

22 *Tisati tanyengerera, pane munhu angada kurangarirwa kuna Mwari here? Ingosimudza ruoko rwako, uye chero chii chaungada dai Vachiona nekunzwa nekuchipa kwauri iye zvino tichikotamisa misoro yedu.*

23 *Baba vedu vane nyasha, vane rudo, mukuzvininipisa tinoswadera paChigaro cheNyu chehumambo mangwanani ano muZita raJesu, Mwanakomana weNyu, kuti tigozvinyengerera*

isu pachedu uyezve nevamwe. Imi kutanga, Ishe, mugotiregererawo kudarika kwedu kwese nekusarurama kwedu. Uye zvadaro tinonamatirawo vamwe, Ishe, kuti naivowo zvakare varegererwe.

²⁴ Uye Chechi yeNyu igoswededzwa pedyo neMi. Nokuti chokwadi, Ishe, mumoyo medu tinotenda kuti Magadzirira kushanda basa neChechi yeNyu, magadzirira kuIbvisa munyika uye yoshandurwa kupinda muHumambo hwaMwari. Asi, Ishe, tibatsirei kuti tizvigadziire nguva iyoyo. Dai mangwanani ano ave nguva yacho, Ishe, yekuti kubva kune mumwe kusvikira kune isu tose “tibvise zvose zvinoremera nechivi chinotishungurudza zviri nyore, kuti tigone kumhanya nekutsungirira nhangemutange yakaiswa mberi kwedu.”

²⁵ Uye ndinonamata, Baba voKudenga, nhasi, kuti Mugopodza vanorwara nevanotambudzwa. Vazhinji vari kutambudzika munyika yose, nematenda, uye “hutachiona” sezvahunodaidzwa navanachiremba. Uye ndinonamata kuti masimba eNyu ekupodza, Ishe, ave kuvanhu ivavo.

²⁶ Zvino kusvikawo kuungano yedu duku pano mangwanani ano. Vazhinji vatyaira mazana emamaira, kutanga husiku hwanezuro hwaenda nemuhusiku hwese uye kusvika mangwanani ano, nhasi, uye vachityaira zvakaomarara kuti vasvike kutabhenakeri. Zvino kuri kunaya mazaya echando uye nemose mumugwagwa. Mwari, tinonamata kuti Muvaropafadze kunyanya. Pasina kupokana vazhinji vakatopa mugove mukuru wezvokudya zvavo zvevhiki rinouya, kana chero zvazvingava, kana zvinhu zvavangadai vakashandisira mari yavo pazviri, kuitira peturu nezvimwe, kuti vaue.

²⁷ Mwari, uyo anouya kwaMuri asina chinhu achaenda akazadzwa. Makazvivimbisa. Uye ndinonamata kuti Muzadze mwoyo yavo nemabhasikiti avo (emweya yavo) azare kwazvo nezvinhu zvakanaka zvaMwari zvekuti vanoenda vachingotubwida “nemufaro usingatauriki uye uzere neKubwinya.” Dai mikombe yevanhu vakakosha ava yapfachukira, nezvinhu zvakanaka nezvemweya zvinobva kuna Mwari.

²⁸ Ropafadzai ruoko rwose, Munoziva chishuvo changa chiri kuseri kweruoko irworwo, Ishe. Ndinokumbira kuti Muvaropafadze zvikuru. TakaKuonai muvhiki rino rakapfuura apo Makapindura munamato nenzira inoshamisa munguva shoma, nguva dzinoda betsero nechimbichimbi nehurwere nematambudziko. Muri Mwari, vari kwese-kwese, vanomira nevaranda vaVo. Ndinonamata, Mwari, kuti Mumire pedyo neava mangwanani ano. Ipai kwavari chishuvo chavo, Ishe, chemoyo wavo. Handitende kuti ndezve chimwe chinhu chehundini, chero—chero chinangwa chakaipa seri kwazvo. Ndinonamata kuti Mugovaropafadza.

²⁹ Uye zvino, Baba, ndirangarireiwo ini, isu, nhasi, uye dai ndakwanisa kuzvibvisa munzira...Tose zvedu, kubva kumufundisi zvichienda zvichidzika kusvika kune va—vana, dai takwanisa kuzviisa parutivi paartari yaMwari uye tovhura mwoyo yedu uye toteerera kuMweya Mutsvene apo paAnenge achitaura nesu. Tendeudzai midziyo yedu yereNyu ropaf-... kuti tigamuchire maropafadzo eNyu, nedivi chairo rakatarisa mudenga. Mobva madira simba reMafula ekuzodza mukati mayo. Uye tipei simba, Ishe, ratinoda kuitira mazuva ari mberi. Ipai ropafadzo iri. Tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

³⁰ (Hmm, handizive. Ingotorai nhamba dzavo dzenhare movaudza kuti ndichavafonera tapedza chechi. Handizive.)

³¹ Ndinamatireiwo. Ini...Hama Jack Moore vari parunhare, uye vachiri kundinyengetedza kuti ndiveko vhiki rino. Maona? Handisi kungonyatsonzwa...chaizvo nezvazvo, munoono, uye saka handizive zvekuita. Ndinoda Hama Jack. Uye konivhenisheni huru iya iri kuuya zasi ikoko uye vakarambira varume, vakaita saBooth-Clibborn nevamwe, kuuya. Saka vachakangobatirira, vakaisa shambadzo yavo kunze nezvimwe zvakadaro, vakabatirira kuti ndiuye. Saka ndi—ndinoda kunyatsonzwa kumanikidzirwa kuti ndiende, munoono. Uye ini...

³² Uye, zvino, tichivhura zvino zvakare kuna VaKorinde Vechipiri, uye tichatanga ndima 12 yaVaKorinde Vechipiri, uye toverenga ndima imwe chete yeGwaro kuitira musoro wenyaya, kana Mwari vachitendera. VaKorinde Vokutanga, iyo...Kana kuti Vakorinde Vechipiri, waro, chitsauko 12 ndima 9. Ndinoda kuverenga chikamu chekutanga chacho...Kana kuti chikamu chechipiri chendima 9, chidimbu chayo:

Zvino akati kwandiri, Nyasha dzangu dzinokuringana: nokuti simba rangu rinokwaniswa muhuta...

³³ Rega ndiIverenge zvakare zvino kuti muve nechokwadi chekubata musoro wacho wenyaya:

Zvino akati kwandiri, (ava ndiMwari vari kutaura kuna Pauro), Nyasha dzangu dzinokuringana: nokuti simba rangu rinokwaniswa muhuta...

³⁴ Zvino kana ndingadana semusoro wenyaya, ndinoda kushandisa uyu, simba...*Simba Rakakwana Kubudikidza Nehuta Hwakakwana*. Kana tiine huta tine simba. Uyu musoro wenyaya usina kujairika...muungano yechiPentekosti, kuita...kutora musoro wenyaya *wehuta*, nokuti tinogara tichipupura kuti “takasimba kwazvo.”

³⁵ Uye ndakambotaura kumashure, kuti, ndinongoedza kunamata muvhiki rose uye ndoona zvingave zvakanaka kuti ndiunze pamberi peungano. Dai kwaingova kuuya pano

kuzonzwikwa, ndingandasva kwazvo ndanzwa mumwe munhu mangwanani ano akamira pano.

³⁶ Kutaura chokwadi, kusvika mazuva mashoma apfuura, ndaiva zasi kuKentucky nevanhu veHama Gabehart ikoko. Pandakanga ndabva kunzvimbo yavo, hama iyi inokosha nemudzimai nemhuri nevamwe, kusvika ndabata pfungwa iyi.

³⁷ Ndakanga ndapinda mumba nguva pfupi izvozvo zvisati zvaitika. Ndakanga ndakamira panze, zvino mudzimai uyu ndokuti, “Ndinoda kutaura nemushumiri uyo.” Zvino ndakapinda muimba yavo diki. Uye maiva... Mudzimai akati, “Ndimi Hama Branham here?”

Ini ndikati, “Hongu amai.”

³⁸ Akati, “Ndiri kunyara kwazvo nemaonekero emba yangu,” zvino akati, “ndakukumbirai kuti mupinde.” Akatanga kuchema. Akati, “Asi ndi—ndine chandiri kuda chaizvo uye ndine chivimbo chaicho mamuri.”

³⁹ Zvino ndakanga ndazoziva kuti kwaiva uko Hanzvadzi yedu Cox vatinogara navo zasi—zasi uko, vamwe—vamwe ambuya vadiki vane tepi rekodha vaipfuura nemunharaunda vachiridza matepi. Ndizvozvo! Ndiyo pfungwa yacho! Maona?

⁴⁰ Ndakatarisa—tarisa mumba umu, kamusha kadiki kakaninipa, kakada kuita sekandarererwa makari, asi madziro acho azere nemifananidzo yaKristu. Hapo painge pakagadzwa Bhaibheri patafura. Ndakati, “Handina kumbobvira ndakawana rukudzo muhupenyu hwangu, iyi ndiyo mhando yemusha wandinoda kupinda mauri.” Vakapa chikumbiro chemumwe munhu. Uye pamaawa 5 kubva panguva yatakanamata pamwe chete, ambuya vaduku ava neni takanamata pamwe chete, Mwari vakanga vapindura.

⁴¹ Saka takanamata zvakare, uye Amai Cox neni nevamwe tiri patafura mangwanani iwayo, takanga tatsikitsira ndokukumbira Mwari kuti vatipe mukana wekuita chimwe chinhu kuburikidza nekushingaira kwavakanga vaita. Uye, kubudikidza nokukumbira izvozvo, Mwari vakazarura nzira. Maona? Ivo ndiMwari!

⁴² Tinoedza kuita kuti hutera hwedu huve chikonzero. Tinoda kutaura nezvehukuru hwedu, uye kuti tiri vahombe zvakadii. Ndinofunga kuti ndicho chimwe chezvinhu icho ini...Mwari chavakandipira chidzidzo ichi, kwaiva kuti tibvise izvozvo kubva mupfungwa dzedu. Maona?

⁴³ Pane zvinhu zvidiki zvatinoita. Uye ndizvo zvatinouyira kuchechi, kuona kuti kukanganisa kwedu kuri papi, uye nezvinhu zvatingagona kuzvinatsurudza nazvo. Kana tikauya kuchechi nekuda kwechimwewo—chimwewo chinangwa chisiri ichi, ndine hurombo kuti hatiwane betsero yakanyanya kubva pakuuya kuchechi. Tinofanira kuuya kuzoona hutera hwedu,

totsvaga nzvimbo dzedu dzakaipa uye nedzedu...kuti sei... kuona kuti tiri vadiki zvakadii, uye toisa ruvimbo rwedu mune mumwe Munhu akasimba. Asi kana tiine hutera...

44 Kune vazhinji vedu vanofarira kupupura kana vanofarira kufunga kuti hatina kukodzera uye, naizvozvo, tinopa izvozvo sechikonzero, “Handina dzidzo, handina kukwanisa kwacho, handikwanise kuita *izvi*.” Uye kana ukaramba wakachengeta izvozvo uye woita izvozvo nenzira iyoyo, woenderera mberi saizvozvo, zvadaro haugone kuzova chimwe chinhu. Asi chinhu chacho ichocho chatinopira zvikonzero, nehutera hwedu, Mwari vanoshandisa chinhu chacho ichocho kuita basa nacho. Maona? Vanomirira kuti tisvike pachinhano ichocho kuitira kuti Vagotishandisa. Isu—isu tinotora zvikonzero toti, “Asika, ndi—ndi—ndi—ndiri... handikwanise kuita *izvi*, handina kukodzera. Ini—ini handikwanise kuzviita.” Zvino Mwari vanotora chinhu ichocho chaicho kuti vaite basa nacho. Ichokwadi.

45 Ndicho chikonzero sei iVo—iVo vachitisarudza, nokuti tiri muchinhano ichocho. Zvino, zvinoita sezvisinganzwisisike, asi maminetsi mashoma tichasvika kune chikonzero chazvo, kana Mwari vachida.

46 Isu—isu tinoona, sezvatanga tichiverenga, kuti hutera nekurambwa...uye tinoona kuti vanhu ivavo vane hutera hwakanyanyisa uye vakarambwa nyenika yekunze, ndivo magamba aMwari, anokunda ari kumberi kwehondo chaiko, vanotora avo vari—vari...vanozvanzwa sevasina kukodzera.

47 Paiva neimwe hama yeMethodisti, 3 vavo vanouya kuChechi ino vachibva kumusoro kuOhio, kana kuIndiana yekuchamhembe. Vakati kwandiri nguva pfupi yapfuura, vakati, “Hama Branham,” vakati, “tichangobva kugamuchira Mweya Mutsvene, tochitsvaga here zvino zvipo zveshumiro yedu?”

Ndikati, “Musazviite! Zviregei zvakadaro.”

48 Zvino vakatendeuka ndokunditarisa, vakati, “Ndichangobva kuverenga bhuku reimwe hama rakatiudza kuti mushure mekunge tagamuchira Mweya Mutsvene isu ‘tinofanira kutsvaga zvipo,’ kuti izvo zvishandise Mweya Mutsvene uyu.”

Ndikati, “Uye mobva mava vanozvitutumadza!” Maona?

49 Kana mukacherechedza muBhaibheri, nguva dzose ndeavo vari kuedza kubva pazviri, vanoshandiswa naMwari. Chero bedzi apo munhu...achingoda kuita chimwe chinhu zvino ofunga kuti ane kugona kwakakwana kwaanogona kuita basa racho, Mwari havangamboshandisa munhu iyeye. Tarisai Mosesi, achitiza; tarisai Pauro, achitiza; uye nevamwe vose, vachiedza kubva pazviri.

⁵⁰ Ndakati, “Musatsvaga chinhu. Mwari vachinge vaine chimwe chinhu chako, Vanochipa kwauri.” Maona? “Uye ingoVarega—Varega vaone nezvazvo.” Ndikati, “Mobva mawana dzimwe dzenguva idzi dzatinadzo, dzatinadzo nhasi, dzekuti munhu wese ari kuda kuita *izvi* uye nekuita *izvo* uye ova mumwe munhu mukuru. Tarisai zvatapinda mazviri nokuda kwazvo, munooa.”

⁵¹ Pane kuti tiedze kuva vakuru tinofanira kunge tichiedza—tichiedza kuona kuti tingava vaduku zvakadii. Maona? Zvadarwo Mwari vanogona kutishandisa. Ndine Magwaro akati wandei akanyorwa pano andinofanirwa kunge ndichiverenga, ndodaira kudaro, asi ini . . . isu . . . Ini zvichida handizowana nguva yekuzviita. Asi isu tiri . . .

⁵² Cherechedzai kuti zvinotora avo—avo vane hutera hwakanyanyisa neavo vakarambwa, uye chaizvoizvo mhare yose iyo Mwari vakambova nayo pamberi pehondo aive munhu wemhando iyoyo. Munhu ainge arambwa, munhu aifunga kuti aisakodzera, munhu ainge asina kukwanisa kwacho zvachose, zvino munhu iyeye anotova muchimiro chakanaka chekuti Mwari vatange kumushandisa. Ndizvozvo. Ndeapo pavanonzwa sekuti havagone, havana chavanacho, ndipo pachwo Mwari pavanogona kuvabata voita chimwe chinhu navo. Maona? Apo . . . Asi kana tichifunga kuti tinokwanisa kuzviita, zvino Mwari havagone kutishandisa nekuti tinenge tichida kuzviita tiri isu.

⁵³ Uye, zvakare, rimwe divi, tinowana manzwiwo aya zvino tofunga kuti hatina kukodzera, uye hatidi kuzviita; asi kana tikangoteerera pakudana kwaMwari, ndizvo zvacho izvo Mwari vanoda kuti tipinde mazviri, chimiro chemhando iyoyo, kuti iVo vagone.

⁵⁴ Kana tisina kukwana, pachedu, tinobva tava avo vanozvipira kuMweya waMwari. Chero bedzi tichifunga kuti tinogona kuzviita, ipapo hatigone kuzviita. Asi kana tikasvika panzvimbo yatinoziva kuti hatikwanise kuzviita, ipapo tinobva tazvipira kuna Mwari uye iVo vozviita. Saka kana tiri isu tiri kuedza kuzviita tichakundikana, asi kana tikangozvipira kuna Mwari zvino Mwari havakundikane. Panongova nechinhu chimwe chete chisingagone kuitwa naMwari, uye, ndiko kukundika. Vanogona kuita chero chinhu kunze kwekukundika. Asi haVagone kukundika.

⁵⁵ Saka chero bedzi tiri kuedza matiri uye tichizembera pane kukwanisa kwedu, nezvimwe zvakadaro, zvinoka, hapana chatinoita. Asi kana tikasvika panzvimbo yatinoziva kuti hatisi chinhu, zvino ipapo Mwari vanogona kutishandisa.

⁵⁶ Chinhu chakakosha, chimwe chezvinhu zvakakosha chatinofanira kugona kukunda . . . Zvino rangarirai izvi, uye kunyanya imi vaparidzi vechidiki, nenhengo dzepanowo zvimwe

chete. Pane chinhu chimwe chete chatinofanira kugona kukunda kana tichitarisira kuzadzisa chishuwo chaMwari muhupenyu hwedu, ndiko kuti, tinofanira kugona kukunda pfungwa yekukwanisa *kwemunhu*. Kana tikangosvika patinofunga kuti tinogona kuzviita nehuchenjeri hwedu uye nekukwanisa kwedu pachedu, isu tinofanirwa kugona kuzvikunda nenzira yekuti tigone kubvisa chinhu ichocho uye tochiisa parutivi kuti Mwari vatishandise. Ndizvozvo.

⁵⁷ Uye tozvipira zvakakwana! Hatigone kushandisa kugona kumwe zvako. Tinofanira kunyatsozvipira zvakakwana! Uye, kuti uuye kuna Mwari, unofanira kuzvipira kwaVari zvose munhu wemukati, mutumbi, nemweya. Zvose zvaUri zvinofanira kukumikidzwa kuna Mwari, kuitira kuti Vagone kushanda kuda kwaVo mauri nemandiri.

⁵⁸ Zvino, izvozvo zvakaoma, ndinozviziva, nokuti tinogara tichida kuisa chikamu chedu mazviri, chimwe chinhu chatinoziva, tinoziva kuti tinoda kuzviita. Tinoti, “Zvinoka, ndi—ndinotozviziva kuti zvinofanira kuitwa nenzira iyi.” Asi chero bedzi uri kuzviita nenzira iyoyo zvichange zvisizvo, uye Mwari havazomboshandisa kushingaira kwakadaro. Pamwe, nerubatsiro rwaShe, tichapinda mazviri mumaminetsi mashoma, uye tongokuratidzai kuti Mwari havagone zvakadii kushandisa kugona kwako.

⁵⁹ Uye ndiro dambudziko nenyika nhasi: kune zviitiko zveseminari zvakanandisa, zvakanandisa zvakanandisa padzidzo, zvakanandisa zvakanandisa pahukama kana payanano dzemusangano, tinozemberana mumwe nemumwe, tinozembera pavarume vane kukwanisa.

⁶⁰ Bhaibheri rakati, “Mungava nekutenda sei kana imi—kana imi muri. . .” Ngationei, kuti Gwaro rakanzi kudii? “Mungava nekutenda sei kana muchiita zvekuremekedzana?”

⁶¹ Kana tichitarisira, tichiti, “Murume uyu, munhu mukuru. Uyu munhu mukuru, ndichangozembera paari,” izvozvo hazvifadzi Mwari kana ukadaro. Tinofanira kuzembera pana Mwari uye Mwari voga! Hatifanire kuvimba nekugona kwedu isu kana chero munhu zvake. Tinofanira kuzvipira zvizere kuna Mwari.

⁶² Pasina kukwanisa, handina basa kuti ndekwaani, hakuzomboshandisike pamberi paMwari. Mwari vanofanira kubvisa kukwanisa kwedu kwose kubva matiri Vasati vazadzisa chinangwa chaVo. Kana Vaine chimwe chinhu chekuti tiite, uye chero bedzi tichinzwa kuti tiri kuita basa rakanaka mazviri, ipapo hatizombokwanisi kushandiswa naMwari.

⁶³ Zvino, unoti, “Muri kutaura mashoko makukutu chaiwo ipapo, Hama Branham.” Uye iwo—iwo makukutu, asi chingotarisa kwese muone kuti ndizvo here kana kuti kwete.

64 Tarisai kwese nhasi pakubudirira kwedu kwese kwatinofunga kuti takaita, zvino Chikristu chiripi muUnited States? Tarisai machechi edu ese nemasangano, nevavhangeri vedu nembuserere dzekunamatira vanorwara, nezvimwe zvese zvatakave nazvo, zvino chii ichocho? Zvakaipisisa kupfuura zvazvakanga zviripakutanga! Zvakaipisisa nhasi kupfuura zvazvaimbova, nekuti takaedza kuzviita nekukwanisa kwemunhu.

65 Vanoungana pamwe chete voita minamoto mirefu uye vobuda kunze kuno. Uye vakava nerimwe zuva apo vakava nevakawanda kwazvo, 150,000, kana zvimwe zvakadaro, vakaungana pamwe chete, vose maProtestanti nemaKatorike; kudeketera minamoto, nekunamata mimwe minamoto, nekuita mimwe minamoto, nezvimwe zvakadaro. Vangadai havo vasina kana kutomboungana, hazvisi kana chinhu pamberi paMwari.

66 Zvino, kana ndikave anotsoropodza, ndiregerereiwo. Maona? Asi ini—ini nda... Unofanira kunyatsozvikedza. Maona? Unofanira kuita kuti zvinyatsozvipinda nemazvo.

67 Uye zvakabatsirei? Hapana. Uye hazvizobatsira kusvikira munhu wese anozviti Mukristu akanganwa kukwanisa kwake pachake uye ozvipira kuna Mwari.

68 Zvino Mwari vanogona kuzadzisa chinangwa chaVo nekutumira...kwete rumutsiriro, asi, hama, chaVanofanira kuita kutanga kutumira kuuraya, ndizvozvo, kuti *tigone* kumutsiridzwa. Unofanira kufa usati wazvarwa patsva, uye unofanira kudaro...Vanoda kuuraiwa kwedu isu pachedu. Tabhenakeri iyi inoda kuuraiwa, uye neni pamwe nayo. Tose zvedu, tinoda ku—kuuraiwa kuitira kuti *tigone* kumutsiridzwa muhupenyu hutsva, kubata kutsva, tariro itsva, chitiko chitsva! Tinoda zuva rekuchema kutanga.

69 Tinoda nzvimbo yekuzvipira kuMweya pane kunyanya kuzembera pachikoro uye nezviringwa zvedu, uye isu... muserere dzedu nezvese zvatinaazvo. Ti—ti—tinovimba nemushandira pamwe wevashumiri vakawanda kwazo vakasiyana-siyana kuti vave vanoshandidzana. Tinotendera vazhinji kwazvo...“Kana tikasawana vakawanda zvakadai, handiti, hatizviite. Hatingaende kumaguta tisina izvozvo.” Saka zvino, patinodaro, tinenge tichizvigadzira mumuchina mukuru uri kutopfumbura hawo chiutsi, munoono.

70 Saka ti—tinofanira kubva pane izvozvo, kukwanisa kwemunhu ikoko. Tinofanira kusvika panzvimbo yatinokwanisa kupira mweya yedu nehupenyu, kunyangwe kumudzimai wepamba, kumurimi, kuna makanika, kana ani zvake watingava, tinofanira kuzvipira zvizere kuna Mwari uye toziva kuti “hatisi chinhu.” Tobva tarega Mwari vatangire kubva ipapo. Zvino Vanobva vatanga kufamba, vachishanda.

Uye izvozvo zvinosanganisira isu tese, munhu wese. Ndicho chi—chinhu chatinofanira kuita.

⁷¹ Nhorooondo inoratidza pachena, inodaro zvino, inoratidza pachena (nhoroondo inodaro) kuti Mwari nguva dzose vakasarudza vanhu vanonzi vasina basa kuti vave vanhu vaVo vane basa. Mwari vanотора munhu asiri chinhu.

⁷² Nhasi, kunze kwekunge uine nheyo yakanaka yedzidzo yebhaibheri, usambofa hako waedza kusvika muguta, usambofa hako wasvika pane musangano. Asi kana uine nheyo huru, nekudzidziswa kukuru nezvinhu shure kwako, unogona kupinda mune chero guta wowana kushandidzana, wova nemusangano mukuru. Zvinoka, hausi musangano...Iwoyo musangano, sezvakangoita chero mumwewo zvawo, asi unobatsirei? Munoono, iwe—iwe uchiri...Unowana ava vasikana vaduku nevakomana vachiuya, vachitsenga chingamu uye vachienda kuartari, uye madzimai nevarume vachiendako kuti vazongoti “ndakaenda kuartari,” vopinda mukamuri kuti varairwe uye vodzoka kunze vobva vasaswa kana kunyudzwa, kana chero zvavari, uye go—uye gore kubva ipapo... .

⁷³ Mumwe wevavhangeri vedu vakurusa akati, kana akaziva kuti anogona kuchengeta zvikamu 10 kubva muzana zveavo vaakatendeutsa kwegore rimwe, aizofara. Apo, zvino, kana akava nevaatendeutsa 1,000, gore rinotevera panofanira kuva—kuva ne 10,000 vavo. Munoono, tiri kupotsa chinangwa, tiri kupotsa donzvo.

⁷⁴ Vamwe vedu tinozvivakira pamusoro pemaonero epfungwa, “Oo,” kuti, “uyu muziva-zvose uyu, murume uyu mudzidzi akafunda. Tinofanira kupinza vanhu vedu chikoro uye tovadzidzisa.”

⁷⁵ Anotevera wacho anozvivakira pane kumwewo kutekenyedzwa kwe—kwechirongwa, kudedera, kuchema, kudanidzira, kutamba muMweya, kana chimwewo chinhu, mamwe manyawi ebaso rekunze. Uye izvozvo zvakangoipa sedzidzo! Kana dhiyabhore akatadza kukusvitsa kudivi *iri*, achakusundidzira kune divi *iro*.

⁷⁶ Asi nyaya yacho ndeyekuti, kusava nechinhu chaunogona kuvimba nacho iwe pachako kana chero chinhu chaunogona kuita, kungozvipira kuzere, kwakazara kwehuteru hwako kuna Mwari, uye woti, “Ndiri pano.” Usave nechinhu, kana kuva nekukwanisa kwaungavimba nako!

⁷⁷ Nzvera zvakare nemuMagwaro uone, sezvandiine Magwaro andakanyora pano andiri kutaura nezvawo. Vamwe kumashure muMagwaro, tinoona, kuti Mwari nguva dzose vaishandisa vanhu vanonzi vasina basa kuti vave munhu waVo ane basa. Vanogara vachitora avo vakanga varambwa nenyika, vakarambwa nezera renguva iyoyo, uye ndiyo mhando yaVakatora kuti vashandise.

⁷⁸ Fungai nezveva—vaapostora. Fungai nezvaPetro, muredzi wehove, asina dzidzo yakakwana yekuti anyore zita rake pachake. Johane, asina chaanoziva kana kufunda. Varume ivavo! Vakadarika varemekedzwa nevaprisita vakadzidza nevane mukurumbira wemazuva iwayo, vadzidzi, nhengo dzechечи, uye vakawana pfu-...vanhu ivavo vaifunga kuti vaive mumwe munhu, ndokutora avo vainzi vasina basa uye vakavashandisa.

⁷⁹ Zvino, munhu anoonekera anogona kuva mumwe wevanhu vaVo, Mwari vanogona kuvashandisa kana vakagadzirira kukanganwa kuti ivo vanhu vanoonekera. Kana wakagadzirira kukanganwa kuti uri *munhu anoonekera* uye wova *munhu asina basa*, zvino Mwari vanogona kukushandisa vogadzira mumwe munhu ane basa kubva mauri. Maona? Asi unofanirwa kukanganwa kuti iwe wakakosha zvikuru.

⁸⁰ Kune vazhinji vedu, vazhinji vedu tinoita izvozvo mu—muhupenyu hwedu. Pavanongo...Vamwe vanhu, pavanongova Makristu, vanobva vazvitutumadza, vasina kana hanyin'a, ndizvozvo, ivo vachingoita zvinopesana zvacho. Vari kudzokera kumashure panzvimbo yekuenda mberi. Apo...Kuwedzera kwaunoita kubuditsa kubva mauri, ndiko kuwedzera kwaunoita nzvimbo yekuti Mweya Mutsvene upinde.

⁸¹ SaErisha akaudza Jehoshafati nevamwe, akati, “Cherai nzvimbo ino izare nemakomba. Kuwedzerawo pakuchera kwamunoita, munowedzerawo nzvimbo yemvura yamunenge muinayo.” Uye patinowedzerawo pane zvedu pachedu, zvematakanana edu pa—pachedu ekukwanisa kwedu pachedu zvatinogona kubvisa matiri, pachava nenzvimbo yakawedzerwa ipapo kuti izadzwe neMweya waMwari; chero bedzi tichigona kuita izvozvo.

⁸² Pauro, watichangobva kuverenga nezvake pano muna—muna VaKorinde, muna VaKorinde Vechipiri, tinoona kuti murume uyu aive munhu mukuru. Aive mudzidzi, munhu mukuru. Asi akatozokanganwa zvose zvaakamboziva, kuitira kuti azive Kristu.

⁸³ Ndichangoita kuti...tiverenge rimwe reMagwaro aya pano, kuitira kuti imi—imi munoda kuriverenga neni. Ngativhurei kuna VaKorinde Vokutanga, chitsauko 2 ndima 1, kwechinguvana. Uye ngativerengei pano kwechinguvana zvakataurwa naPauro, murume mukuru uyu akadzidza, zvaakataura pamusoro pake, zvaakatoti aite. VaKorinde Vokutanga, chi—chitsauko 2 chaVaKorinde Vokutanga, uye kutanga nendima 1. Teerera mudzidzi uyu.

⁸⁴ Murume uyu akanga akadzidziswa. Aigona kutaura potse nechero mutauro zvawo waiva munyika. Aitoganza nezvazvo. Akakudzwa ari pasi peboka rakaomarara revaFarisei, uye baba vake vaiva muFarisei. Pamberi apo akazova “muFarise

wevaFarise,” uye zvinoreva izvo kuti akanga ari—akanga ari wacho aka—akaomararisa wevaFarise. Aive munhu mukuru. Uye aive nesimba, uye aive akatesva njere.

⁸⁵ Baba vake vakanga vamupa dzidzo pasi pomudzidzisi akanakisisa munyika yose, Gamarieri, panguva iyoyo mudzidzisi akakurumbira wechikoro chero chipi hacho. Pauro akava mhando yemunhu akadarwo. Akadzidza mitauro yose. Akadzidza mashandisirwo epfungwa. Akadzidza zvinhu zvese zvakasiyana zvirimo mu—mu...zvaifanira kudzidzwa nenzira iyoyo. Zvino akanyatsozembera zvakasimba ku—kutabhenakeri ye—yevaprisita nevarume va—vakuru-vakuru. Zvino aingofamba achiparadza Chechi.

⁸⁶ Teererai kune murume mumwe chete uyu, nedzidzo yose iyi, mushure mokunge agamuchira Kristu. Teererai kune zvaakatura. Kuti aive nesimba uye ari mukuru kwazvo, akatokanganwa nezvazvo. Akatozoono kuti haaigona kuvimba nezvaaive pachake. Akatozvicherechedza kuti dzidzo yake yaive isina basa. Akatozvicherechedza, kuti kudzidziswa kwese kwainge amboitwa, atoifanira kukanganwa zvese zvaakambodzidziswa. Teererai kwaari zvino.

...ini, hama dzangu, pandakauya kwamuri, ...kwete nokunaka kwamashoko...ehuchenjeri, munoona, ndichikuparidzirai uchapupu hwaMwari.

“Handina kumbouya kwamuri kuzokuudzai, ‘Zvino, ndini Chiremba Sauro kubva kuChikoro *Chakati-chikati*, ndini iye... kubva muboka guru resangano rino.’ Handina kumbouya kwamuri saizvozo.”

Nokuti ndakatsunga kusaziva chimwe chinhu pakati penyuru, asi Jesu Kristu, uye iye akaroverwa pamuchinjikwa.

⁸⁷ Ipapo, teererai pakupupura kwomurume akadarwo.

“Ndakatsunga kusaziva chimwe chinhu pakukwanisa kwenyu. Ndinoziva kuti hapana chinhu mamuri uye ndakangotsunga kuziva chinhu chimwe chete chandinoona mamuri, ndiJesu Kristu uye Akarovererwa. Muponesi akarovererwa pakati penyuru, ndizvo chete zvandicherechedza.”

⁸⁸ Muteererei.

Uye ndakanga ndinemi mune... (hukuru? Muchii?)...huteru, nomukutya, no...kudedera kukuru.

⁸⁹ Ungafungidzira here murume, muFarisei wevaFarisei, mudzidzisi wevadzidzisi, murume akadzidziswa kubva pahuduku (kuitira shumiro) kuti ave murume anogona kutaura aive akachenjera uye akatesva njere, ouya pamberi peboka revanhu vakaita saVaKorinde zvino oti, “Ndakange

ndinemi muhutura, nemukutya, nemukudedera kukuru”? Murume akapidigura pasi rose, mumishinari mukurusa ati ambozivikanwa, akapupura kuti iye “akauya muhutura,” kwete semudzidzi akadzidziswa, asi “muhutura, mukutya,” zvichida angazotsauka kubva muNzira pane imwe nzvimbo. “Mukudedera kukuru,” nokuti akanga asingagoni kuvimba nekukwanisa kwake pachake.

⁹⁰ Chikonzero iye “aitya,” kwete nekuti aivhunduka chimwe chinhu, asi aitya kuti aisazofadza Mwari neimwe nzira, kuti aizogona kusanganisa kukwanisa kwake maZviri; chimwe chinhu chaakanga adzidza, chaakanga aka . . . Akanga achivaudza kuti, “Handina kuuya kwamuri nokutsetseka kwemazwi (ndakauya kwamuri *nekutya* kuti ndingazouya saizvozvo), asi ndakauya kwamuri ndisingazivi chinhu kunze kwaKristu, naIye wakarovererwa.”

Uye ndakauya kwamuri mukutya, noutera,
nokudedera kukuru.

Neshoko rangu nokuparidza kwangu zvakanga zvisina mashoko anonyengera ouchenjeri hwemunhu, asi nokuratidzwa kwoMweya no . . . simba:

⁹¹ Teerera! murume uyu aive murwi wehondo ainge azvikatanura iye pachake. Amen! Kana paine chimwe chinhu chinodiwa nezvikoro zvedu nhasi, kana chiri chimwe chinhu chinodiwa nemachechi edu nhasi, kuzvikatanura ivo pachavo, papfungwa dzako pachako nekukwanisa kwako pachako. Zvikatanurei pachenyu pamberi paMwari kunze kwekunge muchiedza kuita chimwe chinhu mukati menyu.

⁹² Ndinovimba imi . . . izvi zvinodzika mukati medu, zvose pano nenyika yematepiwo, zvakare, kuti ugocherechedza kuti unofanira kuva usiri chinhu. Kwete kuva maziva-zvose, kwete mumwe munhu mukuru, asi *munhu pasina*. Iwe iva . . . unofanira kuva guruva. Unofanira kusvika panzvimbo yaunoziva kuti hausi chinhu. Uye usambofa wakasimuka pamusoro paro, nekuti paunongosimuka pamusoro paro unobva wasimuka pamusoro paMwari. Unofanira kuzvichengeta uri muguruva uye mumugawaga uoenda Dhamasiko. Unofanira kuzvibvisa pakuzvionera pamusoro kwako. Uye izvi ndezve kwese hako, pano nemunyika yematepi.

⁹³ “Mashoko angu,” akati iye, “haasi . . . mumashoko anokwezva emunhu nehuchenjeri hwemunhu, asi mukuratidzwa kweMweya wesimba.”

⁹⁴ Zvino tarisai! “Kuitirei, Pauro? Sei wakaita izvi?”

Simba! *Kuti kutenda kwenyu kurege kuva muuchenjeri hwavanhu, asi musimba raMwari.*

⁹⁵ Oo, muparidzi chaiye uyu! Murume mukuru uyu . . . Akatsvaga Mwari, uye akati, “Mwari, handina simba uye ini—

ini handizive zvekuita. NdinongoKukumbirai, Mwari, kuti mundisimbise uye mubvise hutera hwangu kubva kwandiri, nezvinhu izvi, kuti ndigowedzera kusimba.”

⁹⁶ Mwari vakapindura kwaari, vakati, “Pauro, simba raNgu rinokwaniswa muhutura hwako.”

⁹⁷ Zvino Pauro akati, “Pandinenge ndisina simba ndipo pandine simba. Hongu!” Akati, “Zvino zvicha... Ndichazvirumbidza muhutura hwangu hwekusasimba kwangu nezvimwe zvakadaro. Ndiri kutenda Mwari kuti ndakazvibvisa zvose kubva mandiri. Zvino kana ndikabuditsa zvose kubva mandiri, zvino Mwari vanogona kupinda. Asi chero bedzi ndiine zvimwe zvangu ipapo, zvino Mwari havakwanise kupinda.”

⁹⁸ Ipapo, ndizvozvo, isu—isu tinoVadzingira kunze. TinoVadzingira kure nezvedu... Kubva kune murombosa pakati pedu kusvika kune akapfumisa pakati pedu, kubva kumudukusa kusvika kumukurusa, tinodzivisa Mwari muhupenyu hwedu nokuda kwedu isu pachedu.

⁹⁹ Ndagara ndichiti, “Muvengi mukurusa wandinaye ndiWilliam Branham.” Ndiye wacho anopinda munzira yaMwari. Ndiye wacho anoita nungo. Ndiye wacho anosvika panzvimbo dzimwe nguva yaanofunga kuti anogona kuita chimwe chinhu nezvazvo, uye, paanodaro, zvinosundira Mwari kubva munyaya yacho yose. Asi kana ndikagona kubvisa muchinda iyeye, kana ndikagona kusvika panzvimbo yekuti anobva munzira, zvino Mwari vanogona kuuya voita zvinhu izvo William Branham asingazive nezvazvo.

¹⁰⁰ Ndipo apo Mwari vanogona kukushandisa. Ndipo paVanogona kushandisa chero ani wenyu. Vanogona kushandisa chero munhu kana tabuda munzira. Asi chero bedzi takazviisa isu munzira, zvino hatikwanise. Zvakanaka.

¹⁰¹ Zvino tinoona kuti, muchinda mukuru uyu, Pauro, akanga ari—akanga ari muchinda pakati pavaparidzi. Airemekedzwa nesangano rose. Murume uyu aigona kuenda muguta uye ova nemusangano chero kupi zvako. Nemhaka yei? Aiva nemagwaro acho. Handiti, aiva munhu mukuru kwazvo, uye akatsunga zvikuru kuparadza vanhu vose vakanga vasina simba, kusvikira awana simba kubva kumuprista mukuru, ane simba repamusoro-soro, kuti asunge mumwe nomumwe weMakristu iwayo. Simba rezvematongerwo kubva mukereke yake, kuti asunge vose zvavo! Oo, akanga aine simba! Aigona kusunga Makristu ovakandira mujeri nekuti vaisabvumirana naye padzidziso dzake dzebhaibheri, padzidziso dzevaFarisei nevaSadhuse. Akanga achisunga Makristu.

¹⁰² Asi, cherechedzai, akatozosungwa, iye pachake, kuti arasikirwe nazvo, agorasikirwa nesimba rake nehutongi. Akabva asungwa, pachake, kuti arasikirwe nechaaive nesimba

rekusunga nacho. Akatorasikirwa nezvaaiva, kuitira kuti asungwe.

¹⁰³ Mwari vanopfuura varemekedzwa! Vakapfuura vaprisita. Vakapfuura avo vaizvikudza. Uye Vakasarudza Pauro, murume mukuru uyu, ndokumuita kuti awire muguruva renyika nekuita zvinhu izvo iye...sezvaitwa nevamwe vaya. Vakavaita kuti vaite mu...vakamuita kuti azvibate nenzira imwe cheteyo yevaya vaakanga achisunga. Vakasunga Pauro neMweya waMwari, kumuita kuti asunungurwe kubva pasimba raaifanira kusunga Makristu naro. Ndiudzei kuti Mwari havazive zvaVari kuita? Vakatora simba rake kuitira kuti arasikirwe nekubatirira kwake—kwake.

¹⁰⁴ Vashumiri vangani vangashandiswa naMwari mangwanani ano kana vakangobvumira kuti Mwari vavasunge neShoko raVo uye nesimba raVo, uye nokuvasunungura kubva kusimba remasangano emachechi nehurongwa hwemasangano iwayo! Vangani vanhu vakaperera muguta rino, mangwanani ano, vanoenda kune machechi emasangano makuru aya, vangani vaVaizozadza neMweya Mutsvene, votungidza nyika ino neEvhangeri nesimba, kana vakangatora bedzi nekuzvisunungura kubva kusimba ravainaro uye vosungwa neMweya waKe, kuva sezvaive zvakaite Pauro, nhapwa yerudo kuna Mwari!

¹⁰⁵ Mwari vakatora Pauro vakamuita nhapwa, vakamusungirira kwavari iVo ndokumutumira kuMarudzi aavenga. Asi, munoona, aitofanira kusunungurwa kubva kusimba rake rehufundisi, kuti asungirirwe kusimba raMwari. Akatozasikirwa nesimba rake ndokubva ava nehutera uye akasava chinhu, kuitira kuti agamuchire simba raMwari, kuti asungirirwe kuna Mwari, ozoita izvo Mwari vaizomuudza kuti aite.

¹⁰⁶ Ndizvo zvatnofanira kuita nhasi. Ndizvo zvandinoda. Ndizvo zvinodiwa nemunhu wese, kurasikirwa nezvaari, kurasikirwa nekugona kwake, kurasikirwa nezvaari, kuti ave nokuzviisa zvizere pasi peMweya Mutsvene. Mai vepamba vanoda izvozvo. Mukomana wekuchikoro anoda izvozvo. Tinotora...kunyanje vana vedu vaduku.

¹⁰⁷ Mumwe mukomana mudiki wandiri kufunga nezvake, nezuro masikati kana marimwezuro, kana rimwe zuva, akapinda ndokuita kuti hanzvadzi yake mukuru kuti amunyorere homuweki yake nekukurumidza chaiko, ndokubuda akaudza vakomana vadiki, akati, “Fiyuu! Mibvunzo iyi yanga yakapusa chaizvo.” Muri kuona, vanotodzidziswa, potse, kubiridzira.

¹⁰⁸ Zvingava nani sei...Uye vanhu ivavo imbiru muchechi. Zvingave nani sei kuna Baba, mangwanani panguva yekudya kwemangwanani, voti, “John ari kunonyora bvunzo dzake nhasi. O Mwari, ivai naJohn! Batsirai John! Andikumbira mukamuri

yekurara mangwanani ano, ati, ‘Baba, ndinamatireiwo nhasi, ndinofanira kunyora bvunzo yangu. Ndinamatireiwo.’”

¹⁰⁹ Ndingasva hangu kuti mwanakomana wangu awane “U” cha—chaiyo, yakanakawo paripoti yake, kufoira, pane kuziva kwandingaite kuti ane “A” chaiyo uye akabiridzira pairo. Hongu, changamire! Chatinoda kurasikirwa nezvatiri pachedu, tozembera zvizere pasimba raMwari.

¹¹⁰ Zvino, “akasungwa.” Mwari vanodarika vanoremekedzwa uye vitora vane hutera. Mwari vanopfuura avo vanofunga kuti ivo chimwe chinhu, kuti vatore mumwe munhu asina chaanoziva kuitira kuti vashande chinangwa chaVo muhupenyu hwavo. Ndizvo zvatiniwana.

¹¹¹ Mwari vakati kuna Pauro, “Simba raNgu rakakwana muhutura hwako. Simba raNgu—raNgu rinonyatsova rakakwana paunowedzera kusasimba. Paunowedzera kuzvipira kwaNdiri ndipo paNdinogona kukushandisa zviri nani. Paunowedzera kukanganwa nezvedzidzo yako, paunowedzera kukanganwa nezvesangano rako, paunowedzera kukanganwa pamusoro pezvinhu zvako uye wozvipira kwaNdiri, ndipo paNdinowedzerawo kugona kukushandisa. Nekuti unopera simba, Ndicha—Ndichaita kuti chinangwa chaNgu chive nesimba.”

¹¹² Mwari vanogona kuita simba kubva muhutura! Ndicho chikonzero Vachigara vachizviita. PaVakasaruza vadzidzi vaVo, ndiani aizofunga . . .

¹¹³ Kuzvininipisa kweMwanakomana waVo pachaVo paAkaberekerwa muchidziro chezvipfuwo, mudanga rine mupfudze, mudanga remombe, uye akaputirwa nemicheka yekumoneredza pajoko! Munoono, Aigona kunge akauya nemumuzinda vamambo. Aigona kunge akauya nemakoridho eDenga, nezvose . . . Ngirozi dzose dzichifora. Asi Vakasarudza kuita Kristu Muenzaniso wedu, kuitira isu, uye VakaMuunza mukuninipa.

¹¹⁴ Havana kumboMudzidzisa muzvikoro zvenyika ino, asi VakaMudzidzisa nesimba raVo Vomene, kuzo . . . kuti Agone kuZvipira zvizere, kwete kupfungwa dzevanhu kana simba renyika, asi kuZvipira kusimba raMwari.

¹¹⁵ Uye ndizvo zvatiri nhasi, tinozvipira nhasi mumasangano edu makuru nezviyero. Tinozvipira kusangano, zvarinofanira kutaura, zvavanotaura *ivo* pamusoro pazvo. Asi izvozvo zvinopesana nokuda kwaMwari. Tinofanira kuzvipira kuMweya waMwari uye toenda uko Mweya unoti tiende. Ndizvozvo.

¹¹⁶ VaHebheru vaMwari avo isu, kana kuti, masoja aMwari, waro, “magamba.” Tichangobva kuverenga muBhuku raVaHebheru, chitsauko 11 ndima 34.

. . . kubva muhutura vakasimbiswa, . . .

¹¹⁷ Vaifanira kuva nehutera vasati vava vakasimba. Kubva muhutera hwavo vakasimbiswa. Imi muri kunyora Magwaro pasi, kunze uko, VaHebheru 11:34. Zvakanaka.

¹¹⁸ Hechino chimwe chinhu chekutinyaradza. Hechino chimwe chinhu chinokurudzira. Kubva muhutera nekuzvininipisa Mwari vanosarudza vanhu kuti vavake Humambo hwaVo kubva mavari. Kana tiri tazosvika Kudenga, kana tiri tazomira muHupo hwaMwari neChechi yaVo, tichamira muboka revanhu vainge vasina simba uye vakarambwa uye vakadzingirwa kunze nenyika, uye vasina chavaiziva.

¹¹⁹ Hazvishamisi here kuti Mwari vakatifananidza nemakwai? Gwai ndiro chinhu chisingagoni kuzvibatsira chiripo. Hapana chinhu chisingagoni kuzvidzivirira kupfuura gwai. Tsuro inogona kumhanya; tsindi inogona kuenda mumuti; imbwa inogona kuruma; shumba inogona kubvambura; bhiza rinogona kukava; shiri inogona kubhururuka; asi gwai rinomira risina chingaribatsira.

¹²⁰ Uye ndiyo nzira iyo Mwari vanoda kuti tive. Kucherechedza kuti hatikwanise zvachose, zvino Mwari vanobva vatora munhu iyeye votanga kuZvumba mumunhu iyeye; voita kuti maoko ake aite zvingadiwa naMwari kuti maoko aite, voita kuti miromo yake itaure zvaizotaurwa nemiromo yaMwari; nokuti haisi yake, ndeyaMwari. Vanotanga kuvaka hunhu, vanotanga kutora hutera uhwu uye voZvumba iVo pachaVo.

¹²¹ Vanotiunza pano panyika, nokuti zvino . . . Takadzidza, takangwara. Makambocherechedza here mitsara, madzinza? Patinotora, semuenzaniso, semuna Abheri, kubva pana Abheri kwakauya Seti; Dzinza raSeti rakadzika zasi, kusvika zasi kunguva yaNoa, vose zvavo vaingova varimi vakaninipa. Asi vana vaKaini vakave vakangwara, vakatesva njere, vakadzidza, varume vakuru, vavaki, varume vane hunyanzvi.

¹²² Asi kudivi raMwari vakanga vasina simba uye vakaninipa. Ndiwo mashandisirwo avakaitwa naMwari. Ndiwo mukana waMwari. Ndiyo nzira yaMwari yekusvika nayo kwatiri, ndeapo patinenge tisina simba. Tinowana chimwe chinhu ipapo. Izvi zvinokurudzira, honguka, nokuti Humambo hwose hwaMwari hunovakwa kubva pane mhando idzi dzevanhu. Zvino kana wasvika pakudaro zvino iwe—iwe unogona . . . wave muHumambo hwaVo.

¹²³ Nyaya yacho ndeyekuti, kwatiri, kuti . . . hakusi kuti tine hutera zvakananyisa, nyaya yacho ndeyekuti takanyanyisa kuva nesimba. Taka—taka—takangonyanyisa kuva nesimba. Ndizvo zvega. Nyaya yacho ndeyekuti takanyanyisa kuomarara musoro. Ndizvozvo, takanyanyisa kuomarara mumusoro medu. Tinoziva zvakanwandisa. Mwari vanoda kubvisa izvozvo matiri. Ndizvozvo. Takanyanyisa kusimba, takanyanyisa kusimba zvekuti tingazvipire kwaVari. Tine . . . Isu—isu tinozvipira

kwatiri isu pachedu. Tinofanira kufunga, “Zvinoka, zvino, pano, ndine—ndine pfungwa dzakakwana dzekuziva!”

¹²⁴ Ndakashamiswa husiku hushoma hwapfuura amai pavairwara, uko kuchipatara. Ndakaenda ku... Paiva nemudzimai mudiki parutivi... Kana mudzimai mudiki uyu ari pano, ndiregerereiwo, hanzvadzi. Musikana mudiki wekuKentucky anobva zasi ikoko, uye takanga tiri... zvino ava vaiva vamwene vake. Uye ndaitaura naye manheru iwayo, mudzimai wangu neni, ipapo nguva dzingaita 1 o'clock mangwanani. Zvino murume wake akanga azvambarara pasi uye akotsira; akati, “Buda muno! Hauna zvaunobatsira kuna amai vako, zvisinei.” Ndokumudzingira panze, murume wake, kunze kwekamuri, nokuti anga akarara pasi chaipo akavhara musuwo apo vanamukoti, hapana kana aigona kupinda; achingoridza ngonono, ari pasi. Saka akamumutsa ndokumudzingira panze.

¹²⁵ Zvino akatanga kutaura ipapo. Ndakatanga kutaura naye pamusoro paShe, nezvimwe zvakadaro. Iye ndokuti, “Zvinoka,” akati, “choga chandinongoziva raiva badza mumunda wefodya, mangwanani-ngwanani, tichibvisa masora nekubvisa manhungirwa pafodya, nezvimwe zvakadaro.” Akati, “Asi, ndinokuudzai,” akati, “baba vakatiendesa, tose zvedu, kuchikoro.” Uye akati, “Isu nazvino hatisati tave nepfungwa dzinoshanda.”

Ndakafunga, “Zvinoka, pamwe ndicho chikonzero chacho.”

¹²⁶ Munoono, iwe—iwe ufanira kuchengeta zvinhu zvenyika zviri kure newe. Zvino, handisi kutsigira kusafunda, kwete—kwete izvozvo, asi ndiri kuyedza kufunga kana wasvika panzvimbo yaunofunga kuti unongo—unongoziva zvakawanda kwazvo kusvika pekuti hapana mumwe anoziva chinhu nezvazvo. Ruzivo rwako rwakanaka chero bedzi rwusinga—rwusingavhiringidzane nevimbiso dzaMwari.

¹²⁷ Tiri pasi pekutongwa nepfungwa 5, uye pfungwa 5 idzodzo (kuona, kuravira, kunzwa nekugunzva, kunhuwidza, nekunzwa nenzeve) dzakanaka kwazvo kusvikira dzavhiringa pfungwa yeKutenda. Zvino kana dzouya dzichipesana neKutenda... Uye unoziva sei kuti ndeipi inoreva chokwadi? Nokuti Kutenda kunogara kuchibvumirana neShoko. Uye zvakare kana—kana kutenda kwako kuchipesana neShoko, kana kuti uchifunga kuti kunodaro, saka hauna Kutenda. Une kwekufungidzira. Une kuzvitutumadza mupfungwa dzako, kweimwe dzidzo yawakadzidza nezvayo, kana chimwe chinhu. Asi kana ukabva pane ikoko zvino wovimba zvizere neKutenda, uye Kutenda kunongovakirwa chete paShoko raMwari (Kutenda chaiko).

¹²⁸ Mumwe chiremba akamboti kwandiri, akati, “Ndinotenda, Billy, kana vanhu ivavo... kana ukavaudza kuti vaende kunze

uko uye vonobata danda iro, muti uyo, uye vakatenda kuti vanopora, vaizongopora zvimwe chetezvo.”

129 Ndakati, “Kwete, changamire. Hazvigoni kudaro, chiremba, nokuda kwechinhu chimwe chete ichi, munoono, vanhu ivavo vanoziva kuti ringori danda. Vanoziva kuti hamuna simba kana kukwanisa mudanda iroro.”

130 Asi munhu upi zvake ane pfungwa dzakanyatsokwana anozoviva kuti iro iShoko raMwari mupenyu, rekuti ndinogona kuvakira kutenda kwangu pariri uye ndoziva kuti IZVANZI NAJEHOVHA! Uye kana chimwe chinhu chichipesana naRo, saka handitendi pfungwa dzangu. Kwete, changamire, ndinongozvisiya zvakadaro. Shanda hako neimwe pfungwa yako, pfungwa yeKutenda.

131 Zvakanaka, Mwari vanотора vanhu ivavo kuti vaite . . . Pavanenge vasiri vanhu vane basa, vanozvipira kwaVari.

132 D. L. Moody wekuChicago, aive wekuBoston, aive mugadziri weshangu; kamuchinda kadiki, kwazvo, asina zvikwanisiro, aisavimba pane zvaari iye. Zvino, tora zvikoro zvikuru izvi zvavanazvo, Chikoro chaMoody kumusoro uko, dai Dwight Moody aigona kumuka zvakare uye oona chikoro ichocho, chinhu chekutanga chaizoitwa naDwight Moody kwaiva kubvisa chikoro ichocho.

133 Dai Martin Luther aikwanisa kumuka, chinhu chekutanga chaizoita kubvisa sangano rechiLutherani. John Wesley aizoita zvimwe chetezvo. Varume ivavo havana kumbobvira vatanga masangano iwayo, varume vakavatevera, ndivo vakazviita.

134 Pauro haana chechi yaakamboita sangano, nokuti akati, pachake, “Mushure mekunge ndaenda, varume vemapoka enyu vachasimuka pakati penyu, vachitaura zvinhu zvakatsveyama.” Maiva mushure merufu rwaPauro, uye makore 100 (kana 2) mushure maizvozvo, ndipo pavakavamba chechi yeKatorike, sangano rekutanga.

135 Varume vakasimuka! Maiva mushure merufu rwaMoody pavakava neChikoro chaMoody; mushure merufu rwaWesley ndipo pavakavamba chechi yeHwisiri; mushure merufu rwaLuther vakavamba chechi yaLuther. Mwari vanotumira magamba; uye vanovaka . . .

136 Ndosaka Jesu akati, “Imi—imi madziro akapendwa nezvichena!” Akati, “Mu—munoshongedza makuva evaporofita, uye muri imi vacho makavaisa imomo!” Ndizvozvo.

137 Varume vakuru ava vanosimuka; vobva vavavakira chirangaridzo. Ndinofunga, sezvakangoita Dhavhidhi, “Akashumira Mwari zvakanaka muchizvarwa chake iye.” Saka ndiyo nzira yekuzviita nayo. Regai masangano nezvimwe ipapo, izvo, zvigarire kure nemi.

138 Moody, mugadziri weshangu mudiki wekare, akanga asina simba. Akanga ari muenzaniso wehutera. Chinhu chekutanga charinotaura kuti Moody akaita... Akanga asina kudzidza zvachose, uye matauriro ake akanga asina kunaka zvikuru aive akaipa. Mumwe murume akambouya kwaari akati, “VaMoody,” akati, “matauriro enyu ndiwo akashatisisa andati ndambonzwa muhupenyu hwangu.”

139 Akati, “Ndiri kuunza mweya kuruponeso nekusaziva kwangu, iwe unoitei nedzidzo yako?” Ndinofunga yaiva mhinduro yakanaka. Chokwadi yaive!

140 Uye zvino, unova nhengo yeChikoro ichocho, zvirokwasvo unofanirwa kunge uri mudzidzi akakwenenzverwa. Ndizvozvo. [Imwe hama inoti, “Vakangochipesanisa!”—Mupepeti] Zvino, hongu, “vakachipesanisa” ndizvozvo, kudzokera chaiko neimwe nzira.

141 Ndizvo zvinoita vanhu. Pandataura pakutanga kwemharidzo yangu... Pane kuti Makristu vazvininipise uye varase zviri mavari kuti vawanire Mwari nzvimbo yakawanda, vanoedza kuzvivaka muruzivo rwekuzvigadzirira, kana imwe zivo yechikoro chehumhizha, kana chimwe chinhu, chinovaendesa kure naMwari kupfuura zvavaive pavakatanga.

142 Ndizvo zvandiri kufunga nezvekudanira vanhu kuartari izvi zvenhema. Unomuunza, uye nguva inotevera zvakaoma zvakapetwa ka 10 kuti umudzosepo zvakare. Muitei kuti agare uye ateerere kusvikira Mwari vamuitira chimwe chinhu! Uye zvakare multe kuti auye azvipupure, uye osimuka, achidana paZita raShe. Ndizvozvo.

143 Cherechedzai Moody, asina kusimba mune zvedzidzo, asina simba pakutaura, aitura nemumhino dzake. Ndaingoverenga nhorondo yake rimwe zuva, “Aitaurira nemumhino dzake, chirwere chemhino.” Muchinda aive nemumhu mudiki, ane mhanza, ndebvu dzakaremba pasi...?...; kamunhu kadikisa, kwazvo, kapfupi. Panyama, aiva ndonda panyama. Saka akanga asina chinhu kunze kwehutera nguva dzose. Asi Mwari vakamushandisa kuzunguza nyika muzuva rake!

144 Imwe nguva kune mutapi wenhau akaenda kumusangano wake (ndaiverenga), uye vatapi venhau, kuti vataure kuti aive murume wemhandoi (munhu mukuru, muchinda mukuru).

145 Karipi kaswichi kaya kaunodzima nako matepi? Ndeaka here? Ndotongofanira kuimisa ipapo.

146 Mu—murume mukuru, Moody aiva. Akanga ari murume akanaka. Uye saka aikwanisa kubata vanhu kuti vanzwe, ovabata vachinyatsoteerera. Saka paiva nemutapi wenhau akaenda kuna VaMoody ndokuti... akaenda kumusangano kuti agopa nhau nezvemhando yeungano huru...

147 Semumwe mutapi wenhau achangobva kuenda kunopa nhau dzezvemumwe muvhangeri mukuru, musu uno, akati, “Murume iyeye anogona kutaura. NdiChiremba weDivinity. Anoshandisa matauriro akanakisa andati ndambonzwa. Anobata vanhu mune zvekushandisa pfungwa zvake. Anokwanisa kubata vanhu zvekuti vanyatsomuteerera.”

148 “Dwight Moody,” mutapi wenhau paakaenda, akati, “Ini handioni zviri maari zvinokwezva kune chero munhu zvake.” Akati, “Chekutanga, akashata zvekushata zviya. Chinhu chinotevera, indonda pamuviri wake. Chinhu chinotevera” akati “iye, haana dzidzo. Matauriro ake ndiwo akashatisisa acho andati ndambonzwa!” Uye akati, “Anotaura nemumhino uye seane dzihwa paanenge achiparidza.” Uye akati, “Handioni chero chinhu muna Dwight Moody chingakwezva chero ani zvake.”

149 VaMoody vakaunzirwa nyaya yacho. Vakariverenga, vakaita sekuseka zvavo, vakati, “Zvirokwazvo kwete; ndiMwari. Chokwadi! Vanhu havauye kuzoona Dwight Moody, vanouya kuzoona Mwari.”

150 Vanhu havana basa kuti unopupura zvakadii, vanoda mamwe mazvirokwazvo muhupenyu hwako anoratidza kuti Mwari vakakubata. Ungave muMethodisti, Baptisti, Pentekosti, chero zvaungave, vanoda kuona Mwari. Ndizvozvo, varume ve... varume vakuru, varume vasina simba uye vanocherechedza kusasimba kwavo.

151 Tarisai Mosesi, murume nyanjere wechidiki. Oo, akanga ari mudzidzi. Akanga akadzidziswa zvikuru muhuchenjeri hwose hwevaEgipita kusvikira akwanisa kudzidzisa vaHebheru. Aigona kudzidzisa vaEgipita. Aigona kudzidzisa chero munhu upi, nokuti Mosesi aiva munhu mukuru, munhu akachenjera. Oo, akanga ari munhu ane simba.

152 Mukufunga kwaCecil DeMille nezvazvo, apo—apo paakaita mutambo we*Mitemo Ine Gumi*, zvino akaita kuti murume uyu auye aiva...Ndakanganwa zita remurume wacho akaita chikamu chaMosesi imomo, mumwe mutambi, asi murume mukuru chaizvo ane maoko mahombe ane simba. Uye zvichida Mosesi akanga ari mhando yemunhu akadaro.

153 Tinoziva kuti akanga akasimba uye akanyatsodzidziswa, saka akazviita ari iye, achiona zvaidiwa kuti zviitwe muzuva racho. (O, dai Mwari vatendera kuti izvi zvinyatsosinina kusvika zvanzwisiswa!) Achiona zvaidiwa kuti zviitwe muzuva racho, Mosesi nemasimba ake enjere nekukwanisa kwake kwaifanira kuzviita nako...Aive murume akatesva njere. Akanga ari Farao aizouya. Aiva nekushandisa pfungwa. Aive—ave nesimba. Aiva nesimba repanyama. Aive—ave nezvose. Saka akati, “Ndakagadzirirwa zvakakwana. Ndinozviziva zvose. Uye kana paine murume munyika anokwanisa kuzviita, ndini wacho.

Saka, ndiri murume wenguva saka ndichabuda.” Zvino akabuda kunoita basa rakanga riri iro chairo uye riri mukuda kwaMwari, uye akapira kukwanisa kwake kwepanyama. Zvino Mwari vakazviramba! Havaigona kushandisa chinhu chimwe chete chaive naMosesi.

¹⁵⁴ Havana kugona kuzvishandisa ipapo, kana iVo... uyewo haVagone kuzvishandisa nazvino. Mwari havagone kushandisa kukwanisa kwedu kwepanyama. Tinofanira kuzvibvisa isu nekukwanisa kwedu munzira, uye tozvipira kune kuda nesimba raMwari.

¹⁵⁵ Woti, “Zvinoka, hama, ndinogona kuparidza.” Havagone kushandisa izvozvo chero bedzi *uwe* uchigona kuparidza. “Zvakana, ndinogona kuita *izvi*, ndinogona kuita *izvo*.” Haugone kuita chinhu. Zvino, saka Mwari havagone kuzvishandisa. Asi kana ukazvipira kuna Mwari wovarega iVo vazviite!

¹⁵⁶ Unoti, “Asika, Hama Branham, ndinoziva. Ndiri mudzidzisi.” Zvino, chero bedzi *uri* mudzidzisi, handiti, haVana kure kwavanosvika. Asi Mweya Mutsvene ndiwo Mudzidzisi wedu. Chokwadi, ndiWo! Mwari vakatuma Mweya Mutsvene kuti uve Mudzidzisi weChechi.

¹⁵⁷ Vamwe vanhu vanoenda kuchikoro kwemakore nemakore nemakore. Vanoitei? Vanoverenga zvinyorwa kubva muUpper Room, uye saka (oo, zvakanaka) unotora chidzidzo cheNational Sunday school. Handina chandinopesana nazvo. Iwo Mashoko aMwari, nezvimwe, asi zvakabatanidzwa nevane njere! Zvinofanira kuuya nesimba nerumuko rwaKristu, uye haugone kuzembera pakugona kwako kwepanyama.

¹⁵⁸ Saka, Mosesi, hofori diki iyi, yakanaka yakasimba, murume akatesva njere, akaenda kunoita basa rakanaka; asi Mwari chaizvoizvo, havana kugona zvachose kuzvishandisa. Vakanga vasingagone kushandisa kukwanisa kwake kwepanyama.

¹⁵⁹ Uye isu hatigoni... Haasi nhasi, watisingagone... Mwari havakwanise kushandisa kukwanisa kwedu kwepanyama.

¹⁶⁰ Asi pane chinhu chimwe chete chaiva naMosesi chandinoyemura, aive nenjere dzakakwana dzekuziva kuti aive akundwa. Hatina. Ndizvo zvoga. “Tichagadzira sangano *idzva*. Tichawana mumwezve munhu ane chipo chekunamatira vanorwara, kana chimwe chinhu,” maPentekosti, munoona. Maona? Isu—isu hatitongozive zvakanakwana kuti ticherechedze kuti takundwa. Chechi yePentekosti, Assemblies of God, the United, vamwe vavo vose, vanoita sevasina kukwanisa kwekuziva kuti vakundwa. Hareruya! Oo, dai ndaigona kuita kuti zvinyatsonzwisika. Vakakundwa. Sangano rechechi rakakundwa! Zvimwe chetezvo neUnited States yakakundwa, ichidedera pamwe nekutya, uye mabhomba akambera uko kuitira ivo, vanoziva kuti vakatamba uye vakaisa hupenyu

hwavo kugehena. Uye vakakundwa, Mweya wakabuda mavari. Ungatofanira kutsvaga zvakaomarara nemumiti kuti uwane majaya ekuenda kuhondo; vakaona zvakaitika mune imwe yacho. Takakundwa! Chechi yakakundwa. Vanozviziva.

¹⁶¹ Mosesi akazvicherechedza, akabva aziva zvakakwana zvino... Mwari vakamudzorera kuseri, murenje, kuti vamudzidzise hutera hwomunhu. Vakamudzorera kuti vamudzidzise zvazvaiva chaizvo. Akanyatsodzidzawo zvakanaka chaizvo! Oo, ini zvangu, ndipo paakanyatsowana chidzidzo! Mwari vanofanira kuva vakava nenguva chaiyo naye seri ikoko! Munoziva, Mosesi aiva nehasha; uye Mwari vakamupa mudzimai ainzi Zipora, aivawo nadzo, zvakare. Saka ndinofungidzira kuti zvinhu zvaisamira zvakanaka kuseri uko seri kwerenje kwechinguva, kana hashu dzavo vose vari vaviri dzashaya anodzora panguva imwe chete.

¹⁶² Ndinodaira kuti maonero ake epfungwa ekuti mashandisiro epfungwa anofanira kutonga sei pamunhu haana kubatsira zvakananyanya, nokuti, paakanga ari munzira achidzika kuEgipita, ndinoona Zipora achiine hashu. Akachekeka chikanda chepamberi chemwanakomana wake ndokuchikanda pamberi paMosesi, akati, "Uri murume weropa kwandiri iwe."

¹⁶³ Uye Mwari vakanga vamutsamwira zvikuru iVo... vakamutsvaga muimba yevaeni, dai Vakamuwana Vangadai vakamuuraya. Ndinofungidzira kuti pakanga paine zvinhu zviduku izvo Mwari vakatoti vamudzidzise seri ikoko, munoona, kuti iye aiva munhu. Huchenjeri hwake hwese hweEgipita nemasimba ake ese enjere, Mwari havaigona kushandisa chimwe chazvo.

¹⁶⁴ Unouya, woti, "Zvino, Ishe, ndave nemakore 40 zvino ndichidzidziswa, ndiri—ndiri mudzidzi wenjere. Ndinogona kutaura Bhaibheri iroro maziso angu akavhara." Mwari havagoni kushandisa kana zvisihoma zvazvo. Maona? Kwete.

¹⁶⁵ "Oo, ndiri wechechi hurusa munyika. Ini—ndiri... Ndiri *izvi*, Ishe. Oo, ndiri muPentekosti. Ini... Mwari ngavarumbidzwe! Ndichangobva kugamuchira Mweya Mutsvene humwe husiku. Hareruya! Muchaita kuti ndiite *zvakati-nezvakati*." Mwari havagoni kushandisa kana zvisihoma zvazvo. Kwete!

¹⁶⁶ Pose paunokundwa zvino wobva wacherechedza kuti wakundwa, zvino chibva wadzoka wozvininipisa. Iva dera, ziva kuti uri munhu. Uye hapana njere dzako dzinogona kuita kuti... Hutera hwemunhu hahumbofa hwakashandiswa naMwari; Mwari nehutera hwemunhu vanoZvidurura mauri, vobva vaZvishandisa pachaVo. Unongove mudziyo. Zvirokwazvo! Unofanira kuzvibvisa munzira.

¹⁶⁷ Mosesi, oo, akadzidza, akadzidza hutera hwemunhu zvakanaka chaizvo. Akahudzidza zvakanaka chaizvo, zvekuti,

Mwari pavakamudana, akava nehutera 7 hwaaignona kupikisa kudana kwaMwari nahwo. Makambonzvera here muchikamu chekutanga chaEksodho, hutera 7? Nda—ndahunyora pano apa. Ndinoda kuti muhuteerere. Hutera hwekutanga hwaave nahwo hwaive hwekusava nemharidzo. Hutera hwechipiri hwaave nahwo hwaive kushaya simba rokutonga. Hutera hwechitatu hwaave nahwo kwaive kusagona kutaura. Hwechina hwaive hwekunokwana mumamiriro ezvinhu. Hwechishanu hwaive hwebudiro. Uye hwechitanhatu hwaive hwekugamuchirika.

¹⁶⁸ Zvino, iwe enzanisa hwako nehwake woona kana uchikwanisa kuuyawo naizvozvo, woona kana uchigona kuva nehutera sezvaiva. “Ishe, ini—ini handina kunaka. Handigone kutaura. Nda—nda—ndakauraya muEgipita. Handikwanisi kudzokera. Oo, zvose! Havandigamuchiri. Handina kana mharidzo. Ndine... Handigone kutaura. Uye ndiri—ndinononoka pakutaura.” Uye onai zvaakange ari? Akanga asiri chinhu! Hama, akanga agadziriswa. Hongu, Mwari vaigona kumushandisa mushure mekunge agadziriswa. Maona? Hongu.

¹⁶⁹ Ndizvo... Vanogona kutishandisa mushure mekunge tagadziriswa, kuzoona kuti “Ph.D. yangu uye neLL.D. uye maL. maviri D.” kana chero zvazvingave, “madhigirii ngu ese haasi chinhu.” Mwari havagone kuashandisa!

¹⁷⁰ “Zvinoka, ndiri weAssembly of God. Ndiri weOneness. Ndiri muBaptisti. Ndiri muPresbyteriani.” Mwari havagoni kushandisa kana zvishoma zvazvo! Ukatokurumidza hako kubva pazviri, zvinoka, u—uno—unotozozvipira zviri nani kuna Mwari.

¹⁷¹ Sezvaive muporofita, akati, “Ndiri munhu ane miromo ine tsvina, uye pakati pevanhu vane tsvina.” Zvino Mutumwa akaenda ndokutora mba—mbato, ndokuenda kuartari uye akatora zimbe remoto ndokubata miromo yake. Akabva adanidzira achiti, “Ishe, ndiri pano; nditumei.” Hongu, mushure mekunge acherechedza kuti iye... Asi zvakadaro ari muporofita, akanga aine miromo ine tsvina.

¹⁷² Patinogocherechedza chete kuti isu hati—isu hatizi chinhu, kuti hausi chinhu, uri guruva renyika... Mwari havagone kukushandisa... Hongu, chiiitiko chako... Hutera hwako hwese hwaungaenderane nehwaMosesi. Akanga aine hutera 6 hwakasiyana pano, uye akanga adzidza hutera hwemunhu.

¹⁷³ Zvino tarisa musiyano uripo pakati paMosesi *iyeye* achisangana naMwari, naMosesi akatarisa pane...?... sanhasi. Akati, “Nhai, tinoda *zvakati-nezvakati!* Tinoda rumutsiriro munyika. Ndichakuudzai zvandichaita, ndiri kudzokera ndonodzidza kusvikira ndawana Bachelor of Art yangu. Uh-huh! Ndiri kudzokera ndonodzidza kusvika ndazogadzwa sa LL.D. Ndiri kuzodzidza literature. Ndichaita zvose izvi, zvino

ndichabuda uye ndichava ‘wacho ane mukurumbira panguva iyoyo.’ Ndichavharira vakomana vese ava vakatanga kunze kuno.” (Oo, hama!) “Ndichazviwanira chivakwa chemadhora 3 miriyoni. Ndichazviwanira macadillac dhazeni. Uye...” Oo, hama! Woto—wotosva hako warega kutanga kwacho, nokuti wakatokundwa pakutanga kwacho chaipo, munoona. Asi dambudziko razvo nderekuti havazvize!

¹⁷⁴ Vanofunga kuti unofanirwa kuve nevhudzi rakamonana uye wopfeka masutu etuxedo woti “aa-meni” zvakanaka kwazvo, uye nezvose zvakadai, uye wova muchinda. Chimbwasungata chevakadzi icho!

Mwari vanoda varume, varume vane humwari, varume vanogona kuzunguza!

¹⁷⁵ Asi nhasi tinoda Hollywood. Tinoda chimwe chinhu icho—chinokwezva maziso. Tinoda chimwe chinhu chinogona kutaura zvine njere zvokuti anogona kutibvumira kurara kwemaminetsi 5 apo iye... neSvondo mangwanani.

¹⁷⁶ Mwari vanoda vapatsanuri vachaituma semheni inopfuta, votsiura chivi kusvika kumidzi, (ndizvozvo) vochigobora.

¹⁷⁷ Asi isu tiri... Tinoda vafundisi vedu vakatesva njere. Vanhu vazhinji vanoda mufundisi anozevezera, mumwe munhu anoti, “Hongu, mudikani.”

Mwari vanoda vanhu vanotinhira semheni! Hongu, changamire.

¹⁷⁸ Vovabhabhadzira kumusana, naivo vaine vhudzi pfupi uye vakapenda kumeso, nezvimwe zvese, uye vachipfeka hanzu dzakaita sokunge vakadururirwa madziri, nezvose zvakadaro, uye vasingataure kana shoko rimwe pamusoro pazvo.

¹⁷⁹ Mumwe murume akakurumbira akandidaidza muhofisi yake kuno, (kwete hofisi yake) hofisi yake duku yaanoshandira apo neapo, kuno nguva pfupi yapfuura, akati, “Ndinoda kuisa maoko pamusoro penyu kuti murege izvozvo!”

Ndikati, “Musazviita. Musazviita. Kwete, changamire.”

¹⁸⁰ Mukamisa izvozvo, munomisa Mharidzo. Munomisa Mwari kana mukadaro. Hongu, changamire. Hatidi chimwe chazvo izvozvo.

¹⁸¹ Ko Mwari vakanzwira Mosesi tsitsi here nehutera hwake hwose, vakati, “Mosesi mudiki anonzwisa urombo, chimwe chinhu—chimwe chinhu zvechokwadi chakaitika kwauri, wakadonha kubva padhigirii rako. Oo, ini zvangu! Apa, hongu, wanga uri murume mukuru, akatesva njere, uye pakange pasina chaizokumisa. Hama, wanga uine maPh.D. nemaLL.D. ako ese, nezvimwe zvose, uye zvino hezvino wouya uchipupura kuti hausi chinhu, haugone kuita chinhu. Hau—hautongorina kana simba”? Kwete! Mwari vakanga vasingamunzwire tsitsi. Mwari

havana kumbomunzwira tsitsi. Mwari vakaita kuti agadziriswe kubva kuzvinhu zvose izvozvo. Vakanga vasingamunzwire tsitsi.

¹⁸² Asi tinoona kuti, kana muri kuzvinyora pasi, Eksodho 4:14, “Hasha dzaMwari dzakamumukira.” Mwari havana kumbomunzwira tsitsi nokuda kwekuti akanga asina simba.

¹⁸³ Unoti, “O Ishe, ndiri kungonzwa zvakashata kwazvo, handitendi kuti ndingagona kuzviita.” Mwari havakunzwire tsitsi; vanonzwa sekuti vanoda kumbokukava-kava zvishoma. Maona? Maona? Chokwadi. Mwari havakunzwire tsitsi; Va—Vanotokutsamwira. Wave kuchipinda zvino muchimiro chaVanogona kukushandisa. Ehe.

¹⁸⁴ Mosesi achigadziriswa, Mwari vaigona kumushandisa. Aive arapwa, aive kure nekukwanisa kwemunhu ipapo. Akanga asina chaaigona kuvimba nacho ipapo, nokuti iye—iye akanga agadzirira zvino shumiro.

¹⁸⁵ Mwari vakati, “Makore 40 kunze kuno Ndakava newe naZipora muchikakavadzana uye muchienderera kunze kuno murenje rino, kuti ungaona kuti kune hutera hwemunhu here kana kuti kwete, pawakamira kumusoro ikoko semuchinda mukuru, ‘Mhoroi, Chiremba Mosesi. Mangwanani, Mufundisi, Changamire. Hongu, changamire. Mosesi, ndimi muchinda ari kuuya. Zvose...Tose tinokufungai.’ Zvino uri kunze kuno murenje neboka remakwai uye nemukadzi ane hasha dzakanyanyisa.” Maona? Izvozvo zvakamugadzirisa. Hongu, changamire. Mosesi muchimiro chaityisa, asi Vakati, “Zvino Ndinogona kukushandisa, kana ukacherechedza kuti hausi chinhu. Zvino huya kuno pagwenzi iri rinopfuta, Ndinoda kukutuma zasi uko.” Oo, ini zvangu!

¹⁸⁶ Mwari, tipeiwo vamwe vemhando iyoyo, tipeiwo mamwezve madera. Ndizvo zvatinoda, mamwe madera. Chokwadi!

¹⁸⁷ Aiva Jakobho, munoziva. Jacob aifunga kuti akanga ari munhu mukuru pane imwe nguva, munoziva, aigona kungobiridzira uye obudirira kuita chero chii zvacho. Akaenda ndokunoisa matanda omupopura umo maive nemakwai nemombe dzavatezvara vake pazvaiva nezamu, ndokuashandura kuva makwai ane mavara, akanda imomo saizvozvo paaienda kumvura kunonwa. Uye, chinhu chokutanga munoziva, Jakobho akava munhu mukuru. Chokwadi. Aive... “Iye chaizvo ainzi *Jakobho*, pasina kukanganisa,” Esau akati, “aiva ‘munyengeri’ zvakana.” Saka aive munyengeri. Aibudirira hake zvakana-naka, achiwedzera, akave nemombe zhinji navakadzi nemakwai nemombe nenzombe, ne—nezvose, akanga aine zvose.

¹⁸⁸ Asi humwe husiku (oo, ini zvangu!) paakasvika parukova imwe nguva, ari kuzoyambukira mhiri, akasvika panzvimbo yaakabatwa neNgirozi. Hama, mutana Jacob vakabatirira husiku hwese. Chokwadi vakabatirira kwenguva refu. Asi

pavakazvipira, pavakapera simba uye vasisagone kuramba vakabaturira . . .

¹⁸⁹ O Mwari, dai chechi yaita saizvozvo, kusvika paku . . . chechi yasvika panzvimbo yokuti haichakwanisi kuramba yakabaturira pakukwanisa kwayo kwepanyama, asi inofanira kuzvipira kuna Mwari. VeMethodisti ngavazvinyarire kuti maMethodisti. Dai maBaptisti uye dai maPentekosti vazvinyarira, uye varege kubaturira, uye vazvipire kuMweya.

¹⁹⁰ Ndipo apo Jakobho akava “muchinda waMwari.” Bhaibheri rakati akazova “muchinda,” uye zita rake rikashandurwa. Maona? Uye—uye, rangarirai, akanga ari murume akasimba zvikuru kurutivi *rwuno*, akatesva njere zvakasimba; asi kune *rumwe* rutivi akanga ari muchinda anokamhina, asina simba uye akarukutika, asi aine simba pamberi paMwari.

¹⁹¹ Hongu, unogona . . . Sangano rako ringona kupamuka kuita zvidimbu. Chiremerera chako munharaunda, unogona kuva “gunguwo rakapfeka zvechinyakare” kubva ipapo zvichienda mberi, munharaunda. Zvingava zviri izvo. Asi ndinokuudza, unozova nesimba naMwari. Ndingasva hangu ndava zvakadaro. Ndinotora nzira iyoyo chero nguva.

¹⁹² Vadzidzi vakadzoka vachipembera nokuti vaifara kuti vakaonekwa vakakodzera kutakura kuzvidzwa kweChinangwa uye chaJesu. Chokwadi! Vachakudaidza kuti “muumburuki mutsvene.”

¹⁹³ Ibva panzvimbo iyoyo imwe nguva, rega iparare. Zvisunungure kubva pane zvako zvekuti, “Zvinoka, handiti, ndiri muMethodisti,” kana “muPresbyteriani” kana “Ndiri weAssemblies,” “ndiri weOneness, ndakangonakawo sewe.” Zvakanaka. Ingobuda mazviri kamwe chete, vhura nzira. Tora zvese . . .

¹⁹⁴ Rega mutumwa akubate imwe nguva, mutumwa waJehovha achakuunzira Chokwadi cheMharidzo. Ngaambokubata imwe nguva, uchazvinipisa chaizvo kusvika parubhabhatidzo muZita raJesu, uchazvinipisa kusvika kune zvimwe Zvose. Hongu, uchazviita, zvechokwadi unozviita. Hongu, ucha—uchangokanganwa vananyanjere vese ava.

¹⁹⁵ Mazuva mashoma akapfuura, imwe yeshamwari dzinotapirisa dzandinadzo, munhu akanaka, akati kwandiri, achibuda mukamuri mushure mekunge ndave pahurukuro, akabuda mukamuri, akati, “Hama Branham . . .” Zvino munhu uyu anga ari mumwe wevanonditsigira nemari mumusangano kunze uko. Ndakasvika panzvimbo yandakanga ndisingachazivi kuti ndaizoita sei kuti zvinhu zvifambe, ndichingovimba naMwari; munhu uyu aizvibhadhara zvose. Hongu, achingori munhu akanaka! Zvino munhu uyu akatora rwendo achibva kuguta guru, pano husiku hushoma hwapfuura, ndokumira mukamuri akati kwandiri, mamwe manheru, akati, “Hama

Branham,” akati, “Ndinongoda kutaura chinhu chimwe chete.” Akati, “Hakuna munhu wandinoziva ini asingakudei.”

Ndikati, “Ndinofara kwazvo nokuda kwazvo.”

¹⁹⁶ Akati, “Hama Branham, panongova nechinhu chimwe chete, chinhu chimwe chisina kunaka.”

Ndikati, “Chii ichocho, hanzvadzi?”

¹⁹⁷ Akati, “Zvinoka, chinhu chimwe chete ndeichi, Hama Branham, kuti izvo kana mukangorerutsa pane zvishoma zveDzidziso yamunayo,” akati, “sangano rose raizokugamuchirai.”

¹⁹⁸ Ndakabva ndaona ipapo chaipo, ndakafunga. . .Ndikati, “Dzidziso ipi, hanzvadzi?”

Ndokuti, “Oo, rubhabhatidzo rwuya muZita raJesu.”

¹⁹⁹ “Oo!” Ini ndikati, “Asi, hanzvadzi, hamungambonditarisira kuti ndirerutse paShoko raMwari uye ndoramba ndiri muranda waMwari.”

²⁰⁰ Uye vakati, “Zvinoka, pano, pane boka revashumiri vandiri kumiririra kubva muguta guru iri.” Akati, “Kana mukavaudza kuti Ngirozi yaShe inokupai zviratidzo izvi yakakuudzai kuti mubhabhatidze muZita raJesu, zvino vakagadzirira kuZvigamuchira.”

²⁰¹ “Zvino,” ndakati, “chiitiko chavo chakawota kupfuura mvura yekusukisa ndiro!” Ndikati, “Handina basa nezvingataurwa nechero ngirozi ipi zvayo, kana zvisiri maererano neShoko handizvitende!” Ndakati, “Dai ngirozi iyoyo yakandiudza chimwe chinhu chakasiyana naiZvozvo, handaizotenda ngirozi yacho.” Ndizvozvo! Shoko raMwari ndiro rokutanga, pamusoro pengirozi dzose nezvimwe zvinhu zvose! Ngirozi yechokwadi. . .Ndakati, “Dai isina kundiudza Izvozvo, handaimboiteerera.” Hongu.

²⁰² Mudzimai uyu akashaya zvokuita. Akati, “Handisati ndambonzwa zvakadaro. Handina kumboziva nezvaZvo.” Munooni, hezvoka izvo. Saka ndakapa mudzimai mudiki uyu mamwe Magwaro. Zvino akabva ati, “Ndave kudzokera ndakananga kumba chaiko ndononzvera Testamende Itsva. Handisati ndamboInzvera.” Munooni, hezvoka izvo. Oo, ini zvangu! Oo, ini zvangu! Ndiko kwaunosvika. Oo, ini zvangu!

²⁰³ Rega kuedza kubatirira. Regedzera! Ndizvo zvaunoda kuti uite: regedzera. Jakobho, paakaregedzera akabva aringana, akava muchinda uye akava nesimba naMwari.

²⁰⁴ Aive Dhavhidhi *mudiki* akapfeka bhachi rake rehufundisi raSauro, akabuda ku—ku—kunderwisa Goriati. Zvino Dhavhidha paakatanga kundorwa naGoriati kunze ikoko akapfeka nhumbi dzose huru idzi dzokurwa nadzo, akatarisa

kwese-kwese, akatarisa kumashure, aitaridzika sevamwe vose, saka akati, “Pane chisina kumira zvakanaka pano.”

²⁰⁵ Chero bedzi iwe uchitaridzika senyika uye uchibvumirana nenyika, uye uchiita zvimwe chete zviru nyika, pane chakakanganisika.

²⁰⁶ Dhavhidhi akati, “Izvi zvinotaridzika sezvakanyanya kusimbiswa. Ndine Dhigirii raChiremba, ndine Ph.D. Munoono, ndiri wesangano guru, ko ndingaenda kunorwa ndine zvinhu zvose izvi sei? Hapana chandinoziva nezvazvo. Hapana chandinoziva nezvazvo!” Dhavhidhi akati, “Ndibvisei zvinhu izvi.” Ndizvozvo. “Kana ndiri kuzorwira Mwari handidi kutaridzika neboka rembwende idzi dzakamira pano, vose vakashonga nhumbi dzokurwa uye nadzo vakaboowa-boorwa. Handikwanise kuva nemusangano...”

²⁰⁷ Vazhinji vanosangana, varume vazhinji, vashumiri vazhinji vanouya kwandiri uye vopupura kuti vanotenda kuti Zita raJesu Kristu ndiro chairo rekubhabhatidzwa naro, asi voti, “Sangano redu ringazotidzinga.” Iwe chikonzero chinusuwisa! Bvisa nhumbi dzokurwa nadzo dzaSauro!

²⁰⁸ Ndipeiwo kusimba uye nesimba reMweya Mutsvene! Mwari, nditumei nechimviriri, zvisinei kuti chii (chidiki zvakadii), ndiwisire muvengi pasi. Ichokwadi. Nditumei, asi musandirega ndichipfeka sezvakaita vamwe vose vane L.L., Ph.D., vanaChiremba, mhando yose yezvinhu zvakadaro.

²⁰⁹ Dhavhidhi akati, “Chinhu chacho hachiratidzike zvakanaka.” Akati, “Hapana chandinoziva nezvacho.” Akati, “Chinhu chimwe chete chandinoziva, chandinacho icho ini... Seri uko kuseri kwerenje ndaifudza makwai ababa vangu.” Uye akati, “Shumba yakauya ndokubata gwayana duku ndokumhanya naro, ndikaziva kuti raiva gwayana rababa vangu, uye, oo, ndi—ndi—ndiri...Ndakanga ndisina kana zvombo, asi ndakangatora chimviriri changu ndokuitevera.” Akati, “Ndakaiuraya ndikadzoka negwayana.” Oo, ini zvangu! Ivo vakamira ipapo, pfumo riri muruoko rwavo, havainge vakakwanisa kuvhira.

²¹⁰ Ndiri dambudziko riripo nhasi. Mwari vane makwai mazhinji akarasika, masangano nezvimwe zvakaaba, ndokuaunza achinoapinza mune zvekushandisa pfungwa. Mwari tipeiwo vanaDhavhidhi vane Shoko raMwari nesimba raMwari, kuriendesa patinoenda kunosangana nehofori dzenjere idzi (Ndizvozvo!) nemaPh., maLL.D., maQ.U.S.T., kana chero zvazvingava. Ndipei Shoko raMwari nesimba reMweya Mutsvene uye, ndinokuudzai, tinogona kuuraya hofori yese iri mumunda wekuvhangera. Ndizvozvo! Tinoda varume vanogona...

²¹¹ Handiti, Dhavhidhi akanga ari chikonzero chinusuwisisa chaivapo panzvimbo yehondo, chekuenda kunorwisa hofori.

Iye, handiti, iye—iye ainge asiri chinhu kunze kwekungova mukomana. Uye Bhaibheri rakati akanga “akatsvukuruka,” kamuchinda kadiki kekare kakaondoroka, zvichida kakakombama mapendekete, kakamonera dehwe rehwei. Akanga asina rimwe remadzigirii makuru enjere aya uye akanyatsodzidziswa. Hapana chaaiziva nezvemunondo. Hapana chaaiziva pamusoro pekudzidziswa kwese uko Sauro. . .

²¹² Sauro ndiye aive akanakisa wavaigona kuve naye, Bishopi Sauro. Zvirokwazvo, akanga ari musoro nemapfudzi pamusoro pemauto ose. Handiti, aiva—aiva ari iye wacho aifanira kunge akaenda kunomurwisa, asi aitya.

²¹³ Uye nhasi tinoziva kuti tinoda rumutsiro. Tinoziva kuti tinoda kumutsiridzwa pakati pevanhu. Hazvitore Chiremba weDivinity. Zvinotora dera (Hareruya) zvichatora Shoko raMwari musimba rerumuko rwaKristu rouraya chinhu ichi. Zvichaunza Kristu munyika mu. . .rovaita kuti vaone kuti Achiri kugona kusvinudza meso emapofu, kupodza vanorwara, kumutsa vakafa, uye iYe ndiMwari, Mukundi! Amen. Tinoda Dhavhidhi, asina kudzidziswa muzvikoro zvebhaibheri, tinoda murume asina chaanoziva nezvazvo, mumwewo mukomana muduku wepagejo kana chimwe chinhu, mumwewo muchinda muduku ane mapendekete akakombama, asina zvingayemurike paari, achauya achifamba achidzika nenzira nesimba raMwari.

²¹⁴ Amai vakanga vava kufa, vakati, “Billy, ndakavimba uye ndikatenda mauri. Wanga uri simba rangu repamweya, wakanditungamirira kuna Mwari.”

²¹⁵ Ndakati, “Amai, pandaiva mukomana. . . Kwatakabva, honguka, maIrish, taiita sekurerekerera kumaKatorike zvishoma.” Ini ndikati, “Chechi yakataura kuti—kuti ivo—ivo vaive mutumbi wacho wevanhu, vaive nazvo zvese, zvose zvavaiita zvainge zvirizvo. Handina kuzvitenda, nokuti maLutherani akati, ‘Tisu mutumbi wacho wevanhu, tinazvo zvose.’ MaBaptisti vakati, ‘Tisu mutumbi wacho, tinazvo zvose.’ Kune akawanda, kune masangano anoda kusvika 900 akasiyana.” Ndikati, “Amai, handina kukwanisa kuisa ruvimbo maari, nderipi paari rinova ivo chairo?”

²¹⁶ Ndakatozoona kuti, ndinotaura izvi nekuninipa nekutapira, asi ndinotenda kuti hapana rimwe rawo riri raiti. Ndzizvo. Ndinodzokera kuShoko raMwari, ndakaona zvaRakaita kumashure uko. (Uye zvakare, Mwari, ngatidzokerei tose ikoko.) Uye nehutera, uye pasina tsigiro yesangano, pasina tsigiro yemasangano emachechi, pasina tsigiro yehurongwa hwevafundisi, asi muhunyoro uye nesimba roMweya Mutsvene wakawira paPentekosti, nemharidzo imwe chete iyo Petro aive nayo paZuva rePentekosti, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, uye mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu.”

²¹⁷ Hauzosungirirwa seboka revakadzidza bhaibheri ava, nekora yako yakapindurudzwa nemadhigirii eBachelor of Arts. Asi, hama, unozova nechimwe chinhu muruoko rwako, uye chero bedzi Mweya waMwari uchingopinda muShoko iroko Uchakunda nokudzosa makwai iwayo akarasika. Amen! Kupupura hutera hwedu! Rasa Dzidziso yako yeDivinity! Rasa kuzviita anoziva zvose kwako, hunhengo hwako! Iwe zvikanature pamberi paMwari, ndichitaura pamweya, uye wozviti “handikodzeri!” Zvino Mwari vanogona kutanga kukushandisa. Usangozvitaura kubva mumuromo mako, zvibuditse kubva mumoyo mako.

²¹⁸ Jakobho, Dhavhidhi, vakatozvikananura pachavo. Ndiye akanga ane hutera hwakanyanyisa pakati pemhomho yose.

²¹⁹ Fungai nezve, zvichida, masoja 10,000 kana 100,000 vari pachikomo. Vose vakadzidziswa, mumwe nomumwe wavo aine Ph.D., mumwe nomumwe wavo aine mapfumo, vaive masoja. Mumwe nemumwe wavo aiva Koporo *Nhingi-nhingi*, Soja *Nhingi-nhingi* (kuyangwe kuMasoja), Jenarari *Nhingi-nhingi*, Refutenendi *Nhingi-nhingi*. “Jenarari mukuru wenyembe 4 Sauro, Bhishopi, hongu, Vanoremekedzwa, Changamire!” Mumwe nomumwe wavo akamira ipapo, varume vakadzidziswa.

²²⁰ Zvino muvengi akamira pachikomo, akati, “Imi boka rembwende.” Oo!

²²¹ Uye kumusoro mumusasa uyu ndokuuya muchinda mudiki, akakombama mafudzi, (O Mwari!), aive akatsvukuruka, chimviriri chidiki kumusana wake, ane payi yemazambiringa akaomeswa muruoko rwake yemukoma wake. Zvino hofori iya yakabuda ndokudanidzira kamwe chete zvikaiva zvapfuurira mwero. Akati, “Muri kuda kundidza here kuti imi boka revadzidzi vakadzidziswa pano muchamira ipapo morega muFiristia uyo asina kudzingiswa achizvidza Shoko raMwari mupenyu?” Amen! Akati, “Munomutya here?”

²²² Sauro akati, “Kana uchida kuenda, huya pano. Ndicha—ndicha—ndichakuendesha kuchikoro kwemakore 20 zvino, uye ndichakuwanira imwe—imwe Ph.D. Ndichakuudza zvandichaita, ndichangokupa dhigirii rangu.”

²²³ Akati, “Bvisai chinhu ichi.” Oo, ini zvangu! “Handidi kuva nechekuita nacho.” Aida kuvimba naMwari. Akati, “Ndinoziva zvakaitirwa naMwari *neichi*, uye ndagadzirira kuvimba naMwari pamberi pechero chinhu chipi zvacho nacho.” Amen! Ndicho chiiitiko cheMukristu.

²²⁴ Kunyange Sauro, paakazobvisa nhumbi dzake dzokurwa nadzo, akabvisa nhumbi dzokurwa nadzo dzehufundisi, akaita sezvakaita Dhavhidhi. Asi Sauro wakati asvika kumagumo enzira, akati, “Ndakarwa kurwa kwakanaka.” Ndiye aive muvengi wekupedzisira wekuti akunde. “Ndakarwa kurwa kwakanaka, ndapedza rwendo rwangu, ndakachengeta

Kutenda. Kubva zvino ndakachengeterwa korona, iyo She, Mutongi akarurama, achandipa nezuva iroro.” Akati, “Kwete ini ndoga, asi navose vanoda kuuya kwaKe.”

²²⁵ Rufu rwakare rwakati, “Asi ndichakubata zvangu mumaminetsi mashoma.” Uye guva rikati, “Ndichakuodza kunze uko.”

²²⁶ Akati, “O rufu, rumborera rwako rwuripi? Guva, kukunda kwako kuripi? Ndinoziva kuti ndakarara muno mugomba reRoma, ndakasungwa nengetani, zvingonongo zvangu nemaoko, uye ndi—ndine mavanga 39 kumusana kwangu. Ndiri pano nemisodzi ichisvaura maziso angu kusvika ndisisaone zvachose. Handigoni kuona neziso rangu repanyama, asi ndinoona korona yokururama yakaiswa mhiri uko. Zviziso zvemakumbo angu zvakaparara. Ndakapuzika kakawanda nekuda kwechingwa chakaora chavakakanda muno, uye makonzo akamhanya nepamusoro pangu, nemabuwebuwe nezvimwe, kusvika handichina simba.” Asi aigona kumira pamberi perufu oti, “Rumborera rwako rwuripi? Guva, kukunda kwako kuripi?” aine ngetani dzichizunguzika pamaoko ake. Hareruya! (Ndizvo zvatinaoda.) “Guva, kukunda kwako kuripi?”

Guva rakati, “Ndichakuodza, Pauro.”

²²⁷ Akati, “Asi Mwari ngaavongwe, ndakatowana kukunda kubudikidza naIshe wedu Jesu Kristu.”

²²⁸ Paakanga asina simba, hufundisi hwake—hwake, hwake. . . tsika dzake dzose dzakanga dzanyungudutswa kubva maari. Mapepa ose okugadzwa kwake akanga aatorerwa. Akanga asisiri weAssemblies zvakare, kana kuti. . . chero ani wavo. Munoono, akange asisiri wechero mumwe wavo zvachose. Akanga ataura achipikisana navo zvakanyanya kusvikira mabhishopi akanga. . . akati, “Muri kuda kundiudza kuti murume ari kupika makore 20 mujeri rechiRoma kumusoro uko zvino anogona kutiudza kuti tisarega madzimai edu achiparidza? Huh! Usatiudze izvozvo,” akati, “tinoziva zviri nani. Ndiani muchinda uyo ari kumusoro uko, zvakadaro, anotiudza kuti tiite *izvi*, *izvo* kana *zvimwewo*?” Vakati, “Tinoziva zvatiri kuita.”

²²⁹ “Hongu,” Pauro akati, “pane varume vari kusimuka pakati penyuru, vachatanga sangano nenguva isipi, vachasimuka uye vobva paKutenda saizvozvo, vasina Mweya waMwari.” Akati, “Vakatobuda pakati pedu nekuti vakanga vasiri vedu.”

²³⁰ Uye, chii, zvakaitika here? Zvikasvika chaimo mukereke yeKatorike; kubva muKatorike ndokuenda muLutherani; zvichidzika kusvika kune yekupedzisira, Assemblies of God, zvimwe chetezvo, vachiita zvimwe chete.

Nguva yose iyi, chinhu chimwe chetecho!

²³¹ Asi, oo, kumurume kana mudzimai asina kusimba zvakakwana, anocherechedza kusasimba kwako, anozorega Mwari achikushandisa! Ndinongoramba ndichitaura, ndinofunga ndinotaura kwenguva yakarebesa.

²³² Zvino, chaiva chii? Zvino, akanga ari... Dhavhidhi ndiye wacho akanga akanyanyisa kusadzidza muboka iri. Akanga asina kudzidziswa pakurwa, hapana chaaiziva nezvazvo. Saka akanga asina kudzidziswa nezvehondo iyi yakanga yaiswa pamberi pake, asi akacherechedza kuti kwaiva naMwari. Zvino akatora chinhu chine hutera hwakanyanyisa; vaiva namapfumo, nhumbi dzokurwa nadzo, uta, nezvimwe zvose, uye Dhavhidhi akanga aine chimviriri chidiki chaiva nedombo machiri. Asi, munoono, aiziva zvaaigno kuvimba nazvo. Akapupura hutera hwake, asi kutenda kwake muna Mwari.

²³³ Akati, “Handidi nhowo pamusoro pangu kuti idzivise chero chinhu. Handidi kuuya kumusoro ikoko, ndoti, ‘Zvino, imi hama mungabatirana pamwe neni here? Ndiri weAssemblies, ndiri wePresbyteriani, ndiri muMethodisti, ndiri muBaptisti, imi hama muchabatirana pamwe neni here?’ Handidi kuziva chimwe chezvinhu izvozvo. ‘Pano, ndichakuratidzai muhomwe yangu, ndine dhigirii rangu. Ndichangobva kuwana Bachelor of Art yangu. Ndakabva kuYunivhesiti yeNgingi-ngingi, nda—ndakadzidziswa kumusoro ikoko. Ndakadaro. Oo, ndinogona kutaura! Ndiri *izvi*, *izvo*, kana *zvimwewo*.” Akanga asingadi chimwe chezvinhu izvozvo!

²³⁴ Zvaainoda chete, akati, “Ndinovimba naMwari zvino hezvino ndoenda.” Ndizvozvo. Uye hofori ndokuwondomokera pasi. Ndizvozvo.

²³⁵ Ndizvo zvatinoda nhasi, hama. Tinoda, nhasi, varume vakaita saDhavhidhi, kwete zviitiko zvekuyunivhesiti.

²³⁶ Aiva Mikaya muduku, Mikaya muduku, mwanakomana waMura, murombo, akarambwa, akadzingwa kubva mumasangano ose nokuda kwekumira kwake kwechokwadi naMwari. Asi pakauya munhu waMwari imwe nguva, zasi, ainzi Jehoshafati, ndokuti imomo, “Ndinoda kuziva Shoko raMwari rechokwadi.”

²³⁷ Sauro akati, “Ndine 400 vevakanakisa vawati wakamboziva.” Akati, “Vese vane madhigirii avo, vese vakadzidzira kumusoro kuno kuchikoro.” Akati, “Manje, ndivo vaparidzi vakanakisa vawati wambonzwa.” Akati, “Ndichavabuditsa uye tichakubvunzirai kuna Jehovha.”

²³⁸ Asi akabva abudapo ndokutarisa-tarisa, Jehoshafati akati, “Ehe, ndinonzwa uyu achitaura *izvo*, uye ndinonzwa uyo achizvitaura, asi,” akati, “mune mumwe here? Hamuna mumweze here?”

²³⁹ Mwari vakanga vari kuzosvitsa shoko kumoyo wakatendeka uyu. Paingova nemumwe chete wavo akamira ipapo, asi Mwari

vane mumwe munhu kuitira akadaro iyeye. Amen. Kana paine moyo mumwe chete wakatendeka, pane imwe nzvimbo Mwari vane munhu wavainaye kuitira iyeye. Jehoshafati akanga ari murume chaiye, mambo aitya Mwari, uye aiva nekuzwisisa kwakakwana kwekuziva kuti zviporofita zvavo zvakanga zvisiri izvo. Aiziva kuti zvaipesana neShoko, ameni (Oo, Hama Neville!), Jehoshafati aizviziva.

²⁴⁰ Akati, “Zvakanaka, nda—ndatarisa rekodhi rese, chati riri pano museminari ino, ndine mumwe nemumwe wavo kunze kuno.” Akati, “Zvinoka, tarisai pano, uyu ane . . . zvinoka, tarisai madhigirii aainawo. Tarisai uyu pano apa,” ndokuti, “tarisai—tarisai madhigirii aainawo. Tarisai Zedhekia pano, ndiye mukuru wazo zvose. Handiti, iye mubhishopi, ari pamusoro pedu tose. Chokwadi uchagamuchira shoko rake!”

Jehoshafati akati, “Hongu,” akati, “Ini—ini—ini . . .”

²⁴¹ “Zvinoka, tarisai, tarisai, vamwe vose vanobvumirana naye. Vese iboka rimwe guru! Uye haugone kutaura kuti havasi vaHebheru. Haungati havazi vaporofita, herino dhigirii rinoratidza kuti ndizvo zvavari.”

²⁴² Jehoshafati akati, “Hongu, ndi—ndi—ndinoziva, Ahabhu.” Akati, “Izvo—izvozvo zvakanaka, asi . . .”

²⁴³ Akati, “Uri chii . . . Ucharamba uchindibvunza vamwe sei? Hechoka chikoro changu chese! Hawo masangano ose pamwe chete.”

²⁴⁴ “Asi hamuna here mumwe asiri weboka iroro? Hapana mumwe here, kune imwe nzvimbo?”

²⁴⁵ “Zvinoka, aizova chii? Anenge ari munhu asina kudzidza asingagoni kuverenga! Zvinoka, ungadei nemuchinda akadaro?”

²⁴⁶ “Asi—asi ndiri kungokubvunzai kuti, hamuna mumwe here, pane imwe nzvimbo?”

²⁴⁷ “Oo,” akati, “hongu, kune mumwe akadaro.” (Ipapo, oo, tinotenda Mwari nokuda kwaizvozvo!) “Kune mumwe akadaro, asi,” akati, “ndinomuvenga. Uye vamwe vose vanomuvengawo, zvakare.” Akati, “Takadzanga, uye vakamudzanga musangano iroro, mumwe nomumwe wavo.” Akati, “Akauya zasi kuno kuzoita musangano, tikamudziringira kunze kweguta. Hongu, changamire. Hatina chekuita naye. Zvino,” akati, “indonda, uye anobva kumhuri ine hurombo hwakanyanya. Matauriro ake akashata.” (Uh-huh, saMoody, munoziva.) “Hongu, matauriro ake akashata.” Uye akati, “Chokwadi, pakuva mudzidzi webhaibheri, ndiye anosiririsa wandati ndambonzwa. Handisati ndambonzwa chinhu chakaita saye. Oo, anongoputsa tsika dzavo. Handiti, Chitendwa chavo cheVaapostora chinobvamburwa-bvamburwa naye. Handisati ndambonzwa zvakadaro! Oo, anongozvibvarura-bvarura, uye vanomuvenga uye ini ndinomuvenga, munhu wese anomuvenga.”

248 “Oo,” Jehoshafati akati, “mambo ngaarege kutaura kudaro, asi ini ndingada kumunzwa.” Aiziva zvaizotaurwa naErisha! Aizviziva izvozvo.

249 Mwari vakanzvenga vaparidzi vose vakuru, vane simba, vakatesva njere, ndokuisa Mharidzo yaVo mumuchinda mudiki uyo aiti hapana chaanoziva. Asi chii chaakaita?

250 Vakamupa muyedzo, ndokuti, “Zvino, iweka utaurewo zvimwe chete zvavataura.”

Akati, “Ndichataura izvo Mwari vanoisa mumuromo mangu, ndizvo zvoga.”

251 Akati, “Kana uchida kuve wakasimba zvino, rangarira kuti ungori...waka—wakaita sekubuda muhurongwa apa, mukomana. Rangarira kuti, wakadzingwa kubva musangano iroro. Vanogona kufunga zvekuwadzana newe kana ukangobvumirana navo munguva iyi yakaoma kudai. Tese tiri kugadzirira kuita mbuserere huru,” akati, “kana ukangobvumirana neni.”

252 Akati, “Hapana chandichataura kunze kwezvataurwa naMwari!” Kurerutsa, ungatarisira here kuti munhu waMwari arerutse paShoko raMwari? Kwete, changamire, hazvisi maari.

253 Akati, “Asi iwe hauna simba. Wakabva mumhuri yevarombo. Manjeka, unozivei, vangango...”

“Handina basa nezvavanoita.”

254 “Zvino, vanokutora kubva kune imwe nyika kuenda kune imwe nyika mundege. Vangaita chero chinhu, unoona, kana iwe—kana iwe ukango...”

255 “Kwete, kwete. Ndichataura chete zvinoiswa naMwari mumuromo mangu.” Mwari vakanzvenga boka rose iroro, (hongu, changamire, kumira kwake kwechokwadi kwakazviita) vakanzvenga 400 ndokumupa ZVANJI NAJEHOVHA!

256 Zvino vakaZvitenda here? Kwete, changamire! Vakati, “Haisi ZVANJI NAJEHOVHA, seminari yedu haidzidzise zvinhu zvakaita saizvozvo. Zvinoka, heunoi bhishopi wedu, akatotaura shoko, akanyora mafambisirwo azvo. Takaungana tese pamwe chete, tikagadzira zvikoro zvedu. Mwari vanesu! Ndeipi nzira yaenda Mwari vachibva kwatiri paWauya kwauri?”

Akati, “Uchaona, imwe nguva.” Uh-huh, ndizvozvo.

257 Aiva chii? Akanga asina simba, asi ndiye akanga akanyanyisa kusimba pakati pavo. Sei? Nokuti akanga aine Shoko raShe. Oo, hama, zvinoita mutsauko wei pamusoro pe... chimwezve chinhu chero bedzi uine ZVANJI NAJEHOVHA?

258 “Nhai, Hama Branham, kana mukangorerutsa paZita raJesu parubhabhatidzo, zvinoka, tichava nemusangano mukuru muChicago kana nzvimbo idzi seinoyi.” Huh! Unofunga

kuti unozviita here? Handina basa kuti munoungana kupi, zvamunoita, hama, garai neZVANZI NAJEHOVHA.

²⁵⁹ Ndinoda kuti vamwe vavo vauye vandiudze paZvakatsveyama. Ndiratidzei muShoko raMwari paZvakatsveyama. Ehe. Ivo havatangane naizvozvo. Kwete, changamire. Asi IZVANZI NAJEHOVHA! Gara naYo, kana mumwe nemumwe wavo akakudzanga. Handina basa kuti unopera simba sei, “Ipapo ndinobva ndasimba.” Pavanondidzingira kunze, Mwari vanondipinza mukati. Uh-huh, hongu. Mwari...Vakakudzanga kunze, Mwari vanokupinza mukati.

²⁶⁰ Rangarirai, vanamurambiwa ndivo vanotorwa naMwari nguva dzese, vanhu vasina basa. Vobva vavaita *vanhu vane basa* vaVo. Ungasazviza muhupenyu huno, asi zvichange zvirizvo mune huri kuuya; munoona, ndihwo hwacho.

²⁶¹ Ndokumupa ZVANZI NAJEHOVHA, nokuda kwei? Akagara neShoko. Aiva neMharidzo yacho chaiyo. Mwari vakamupa chiratidzo. Vamwe vose vakanga vasina chiratidzo. Maona? Aiva nechiratidzo. Sei? Nokuti akagara neShoko. Ndipo apo takaona zviratidzo nezvishamiso. Nokuti...Vamwe vari kuita zvakafanana naRo, asi iye akagara neShoko. Zvino ngatikurumidzei.

²⁶² Eria, ndipo apo chechi yake yakanga yamudzinga ndokumusiya ichienda kune zvenyika zvamazuva iwayo. Ndinofunga kuti Eria akanga avatsiura zvakasimba. Hamufungiwo kudaro? Munoziva zvaiva Eria. Ndinofunga, mushumiro yake yokutanga, akasimuka ipapo akati, “Handiti, imi madzimai muri kuedza kuita seMudzimai weMutungamiri wenyika,” mabhoneti iwayo, munoziva, “Muzvare Jezebheri! Imi madzimai echimanjemanje, makaita seMudzimai weMutungamiri wenyika, muchipfeka saye, muchiita saye. Imi vaparidzi!” Oo, ini zvangu, akanyatsovatsiura kwazvo! Uye vese vakaramba vachingotsauka kusvika pasisina kana munhu.

²⁶³ Akatozovika kumagumo enzira yake ipapo. Hapana ainge achiri kubatirana pamwe naye zvakare. Hapana kana imwe yemachechi yaizobatirana naye. Chechi yake yose yakamusiya, ikadzokera munyika (zvimwe chete zvazviri zvino), ndizvozvo, yakadzokera munyika. Vashoma-vashoma chete ndivo vakanga vakabaturira, mumwe apa nemumwe uko, vachibva kure munyika kwawaitofanira kuti uende kunomuona, nezvimwe zvakadaro. Aive muchimiro chakashata kwazvo, akanga asvika kumagumo eruzivo rwake.

²⁶⁴ Akati, “Ishe, ndakamira paShoko reNyu, ndakataura Chokwadi. Uye vose zvavo vakaenda, hapana asara pano. Handina, kana munhu wekuperidzira.” Ameni. “Hongu, ndakamira paShoko reNyu, Ishe, uye zvino tarisai pandiri zvino, hapana kana mumwe wavo achandigamuchira. Ndikapinda

muguta, vanoti, ‘Heuno mupengo wekare uya achiuya. Hongu, hongu, heuno mupengo wekare uya achiuya muguta, zvino achatanga kungowawata—kungowawata pamusoro pekurarama kuno uku kwemazuva ano nezvose.’”

²⁶⁵ “Musava naye! Mufundisi, musabatirane nemuchinda iyeye! Kwete, changamire!”

²⁶⁶ Mufundisi, “Zvino mupengereki uye wekare ari muguta zvakare. Munoono, Eria uya kunze uko, mudhara nyamhanza. Musatomboteerera zvenyu kumuchinda wekare iyeye. Mutarisei, haatombopfeka semufundisi akapfekawo nguwo dzake dzhuprisita sedzangu (ngowani yake, munoziva; uye akamira pamberi, nekora yakapindurudzwa, munoziva).” Akati, “Haa . . .” Akati, “Iye—iye . . .ivo . . .ndewemhando yakasiyana ye . . .Iye—iye ane kakusanzwisisika kaainako.”

²⁶⁷ Uye ndinofungidzira vamwe vemachinda makuru vakati, “Munombozivei? Iye—iye mupengo. Uh-huh, hongu, iye—iye mupengo, anogara kunze uko murenje, achigara kunze musango nguva yake zhinji, achipinda akazvimonera dehwe rehwei paari. Oo, ini zvangu! Uye obva atsiura madzimai iwayo! Handina kumboona chinhu chakadaro. Musatombo . . .musa—musa—musatombova nechekuita naye, zvachose! Musabatira pamwe naye!”

²⁶⁸ Zvino, mubatanidzwa wevashumiri wakanga wauya pamwe chete, munoziva, ndokuti, “Musa—musave nechii zvacho cheku . . .Musunungurei, iye pakupedzisira . . .achasvika pakupererwa. Muregei—muregei avhiringidze njere dzake. Ndizvo zvoga, muregei akadaro.”

²⁶⁹ Asi Eria mutana, achifamba akatendeka chaizvo naMwari, (Ini zvangu, ini zvangu.) akagara chaizvo neShoko. Vaiva nemusanganano mudiki zasi uko, uye aitarisa ungoro, oti, “Imi vanaJezebheri mose!”

²⁷⁰ “Oo, hushingi hwacho kani! Handife ndakaenda kunonzwa murume uyu zvakare! Kwete, changamire, handiite!”

²⁷¹ Izvozvo hazvina kumumisa, akaramba ari ipapo zvimwe chetezvo. Paakarasiikirwa nechechi yake, paakarasiikirwa neyake . . .masanganano ose akamumukira, ipapo ndipo (paakapera simba) akati, “Ndini ndoga ndasara, uye vari kutsvaga kundiraya.” Akati, “Vaizondipfura kana vaibudirira kuzviita.” Uh-huh. Maona? “Asi ini . . .Vari kutsvaga hupenyu hwangu. Uye ndini ndega ndasara, Ishe, ndoita sei?”

²⁷² Paiva ipapo, paakapera simba (asi zvakadaro akamira akatendeka, achipupura hutera hwake nezvose), apo Mwari vakati, “Kwira mugomo, Ndichakupa mharidzo itsva. Ndava kukutumira mharidzo itsva zvino. Ndatokuudza kare kuti, ‘Enda unotsiura zvinhu izvi,’ zvino Ndichakutumako zvakare nechimwe chinhu chokuratidza kuti Changa chiri chokwadi.” Vakati, “Wakaita basa rakanaka, Eria. Wakavaudza

nezveMudzimai weMutungamiri wenyika, nezvose izvozvo, uye nemaitiro avakaita. Wakatsiura Ahabhu nezvinhu zvake zvose zvechimanjemanje nemakereke ese echimanjemanje, uye takavaudza vaparidzi ivavo kwavaibva. Wakanga uri muenzaniso. Wakamira ipapo usina kana betsero, chero sangano zvaro, kana chinhu chipi zvacho shure kwako, asi wakagara neShoko raNgu. Zvino ndiri kuzokupa chimwe chinhu. Enda zasi ikoko undoudza munyengeri iyeye, ‘ZVANZI NAJEHOVHA! Hapazova kana nedova richadonha kubva Kudenga kusvikira ndaridana.’” Ini zvangu! Ini zvangu! Vakamukwidza pamusoro pegomo kunomuratidza chimwe chinhu!

²⁷³ Oo, ndiri kumuona mangwanani iwayo, achiuya, achifamba achidzika nemugwagwa uya weSamaria. Akanga asiri anotaridzika zvakananyanya, chokwadi, musoro une mhanza iwoyo uchipenya nezuva, bvudzi jena nendebvu zvakaremba kumeso kwake, chidimbu chedehwe remakwai. Bhaibheri rakati akanga aine “mvere,” mvere muviri wake wose, ndinofungidzira kuti aisanakidza kutarisa; chimuti chidiki chiya chiri muruoko rwake, nemaziso madiki iwayo akatarisa kumatenga, achifamba achidzika nenzira. Uye iwe... iye... Ndinofunga aiiita seane makore 16 apa iye aine makore angangoita 80. Heuno achiuya, achifamba achidzika nomugwagwa, akananga chaiko kuSamaria. Hama, akanga atosimbiswa zvino muhuterwa hwake, “Simba raNgu rakakwana. Usanetseke nemasangano, Eria. Usanetseka pamusoro pawo, Simba raNgu ndiro roga raunoda.”

²⁷⁴ Ndinorangarira ndimire pedyo neimwe temberi huru imwe nguva, uye ndikati, “Ishe, ndingavenga kuti vauye kuhofisi yangu—yangu.”

Vakati, “Ndini Mugove wako.” Maona? “Ndini Mugove wako.”

²⁷⁵ “Mu—muhuterwa zvino ini—ini ndiri... Simba rangu rakasimba. Kuda kwaNgu kwakakwana kunogona kuitwa (Pauro, kana Eria, chero waungava) kana iwe ukabva munzira.” Maona? “Muhuterwa hwako, zvino Ndinosisimbiswa. Ndini Wacho! Ndini Wacho Akasimba anouyamo zvino ogozadza.”

²⁷⁶ Ndiri kumuona achifamba achidzika nemugwagwa uya weSamaria, maziso madiki aya aitaridzika *saizvozvo*, vakomana, achiita sokunyemwerera nekure pachiso chake. Hama, akafamba chaizvo achiuya pamberi paAhabhu. Haana kumbokakama, haana kumbodzambadzamba. Kwete, kwete! Chairova pasi pechiphuva chiya chakare chakaonda waive moyo une Mweya Mutsvene uchigaramo. Hongu, zvirokwazvo! Akauya achifamba nenzira iyoyo, akafamba chaizvo achiuya pamberi paAhabhu, ndokuti, “Kunyange nedova chairu harisi kuzodonha kusvikira ndaridana.”

²⁷⁷ Akagiya netsoka dzake zvino, ndokutendeuka, achidzokera uko murenje. Vakati, “Wakaita zvakana, Eria. Huya kumusoro

kuno, Ndaraira makunguwo ose kuti akupe zvokudya zvino, uye... uye wogara pasi apa kumusoro kuno kwechinguvana.” Oo, ini zvangu!

²⁷⁸ Paakanga asina simba, akabva asimba. Hongu, changamire. Akapfiga matenga kuti mvura irege kunaya. Ndipo paakava nesimba, paakarasi kirwa nechechi yake, akarasi kirwa nezvose zvaava nazvo, zvimwe zvose. Asi akagara neShoko raMwari, zvino akava nesimba rokupfiga matenga.

²⁷⁹ Jakobho paakarasi kirwa nesimba rake rose, ipapo Mwari vakabva vamupa simba rokuva muchinda. Maona?

²⁸⁰ Pauro paakarasi kirwa nefundo yake nedzidzo yake yese yebhaibheri, Mwari vakamuita mumishinari kuMarudzi.

²⁸¹ Mosesi paakarasi kirwa nokukwanisa kwake kwose uye akapera simba, Mwari vakamuita kuti ave ane simba ndokumutumira kuEgipita musimba roMweya, pamakore 80 okuberekwa; ndebvu dzakaremba, mudzimai wake ari panyurusi nomwana agere pahudyu yake, aine tsvimbo muruoko rwake, akadzika ndokukunda Egipita. Hongu. Maona? Asina kana mauto shure kwake, semaendero aaida kuita, asi musimba reMweya. Amen!

Paunenge usina simba ndipo pawakasimba.

²⁸² Achingofamba achidzika nenzira iyoyo, haana kukakama, haana kugumburwa, haana kana, akafamba akananga pamberi paAhabhu, ndokuti, “Ndine Shoko raShe.”

Akati, “Iwe ndiwe unotambudza Israeri.”

²⁸³ Akati, “Iwe ndiwe wacho uri kutambudza Israeri.” Hongu, changamire. Oo, hama! Hongu, changamire. “Buditsa vaprisita venjere vaunavo kumusoro kuno, uye ngatione kuti ndiani Mwari.” Hezvoka izvo. “Kwirai paGomo reKameri, regai Mwari akapindura paPentekosti apindure zvakare. Ngationei kana Mwari vachiri Mwari mumwe chete, kana Jesu ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Akaburuka mugomo, aive neMharidzo. Hongu. Akange ambonyatsopera simba kumashure, kunyange hazvo, akatorasi kirwa nezvose asati azviita. Akatozova nehutera asati asimba.

²⁸⁴ Hunyoro hweVhangeri ndihwo hunogumbura vanhu. Vanoedza kuRiita chimwewo chinhu chenjere huru, iro riri nyore. Asi Mwari vanatora mudziyo wacho chaiwo wakaninipa une hutera nehunyoro, kuti vashande nawo mabasa aVo. Unongova mudziyo woga uri muruoko rwaMwari.

²⁸⁵ Johane Mubhabhatidzi, Mharidzo yake, akauya mberi kwaKristu, iri nyore kwazvo zvekuti Yakapfuura nepamusoro pemisoro yevanhu. Teererai kwechinguvana. (Ndinovimba handisi kukuchengetai kwenguva yakarebesa, imi makamira kumadziro, munooni.) Tarirai! Johane, apo... Vaporofita vose vakapupurira kuuya kwaMesiya. Mumwe wavo akataura kuti

“Makomo aizokwakuka semakondohwe madiki.” Vamwe vakati, “Mashizha aizoombera maoko awo.” Mumwe akati, “Nzvimbo dzose dzakaderera dzichakwiridzirwa, nenzvimbo dzakakwirira dzichaderedzwa.” Oo, ini zvangu! Izuva rakadini!

²⁸⁶ Wakambofungidzira here Chikoro cheVaporofita uye maonero epfungwa acho? Oo, ini zvangu, vaive nezvose zviri zvemhando yepamusoro! Asi pazvakaitika, kubva murenje kwakauya muparidzi wekare akanga asina kana zuva rimwe chete rechikoro muhupenyu hwake, zvichida matauriro ake akanga asina kunaka zvikuru. Baba vake vaiva muprisita, asi Mwari vakamutora kubva ipapo. (Takava nazvo muchidzidzo cheSvondo yapfura.) Havana kumutendera kuti asanganiswe nemasangano iwayo, ndokumutora kunze murenje kuti vamudzidzise pachaVo. Ndiyo mhando—ndiyo mhando inogara neShoko raMwari.

²⁸⁷ Akabuda murenje, aine makore angangoita 30 ekuberekwa; ndinofunga ndebvu nhema dzakaremba kumeso kwake, dzakati nyangarara; akazvimonera nedehwe guru remakwai; akamira mumatope, aisivika pamabvi ake; akati, “Ndini uyo akataurwa nezvake nemuporofita Isaya.” Uye mamwe emasangano akabuda; akati, “Musafunga kutaura mamuri kuti, ‘Tine *izvi neizvo*,’ Mwari vanogona kubva pamabwe aya kumutsira Abrahamu vana!” Oo, ini zvangu! Sei? Akanga aine ZVANZI NAJEHOVHA! Akanga aine Mharidzo. Mwari vakafanotaura kuti aizouya. Uye chikonzero... Yakauya muhunyoro hwekuti, Yakaenda nepamusoro pemisoro yavo.

²⁸⁸ Jesu paakauya, Akati, “Makabuda kunoonei, mutauri akatesva njere anogona kushanduka kubva kuMethodisti kuenda kuBaptisti, uye kubva kuBaptisti kuenda kuPresbyteriani, kubva kuPresbyteriani kuenda kuPentekosti, uye muPentekosti kuenda kune chimwe chinhu? Makabuda kunoona rutsanga rwuchizungunuswa nemhepo here? Kwete Johane!” Akati, “Makabuda kunoona here murume akapfeka mucheka wakanaka?” Akati, “Vari mumizinda yamambo, mushumiri werudzi irworwo.” Akati, “Makabuda kunoonei, muporofita here?” Akati, “Anopfura muporofita!”

²⁸⁹ Johane aipfura muporofita. Uye, tarisai, akauya ari akaninipisa kupfura vose zvavo. Asi achipfura kuva muporofita. Munoziva here kuti Johane aive ani? Akanga ari mutumwa wesungano. Chokwadi, akanga ari. Akapfura muporofita. *Muporofita* muoni anoona zvinhu. Johane akadarowo, zvakare, asi akanga akadarika izvozvo. Akanga ari mutumwa wesungano. Akati, “Hongu, uyu ndiye akanzi, ‘Ndichatuma mutumwa waNgu pamberi pechiso chaKo.’” Ndizvo zvazvaive, aive mutumwa wesungano. Chokwadi. Mukuuya kwake kuri nyore, zvakangopofomadza vananyanjere.

²⁹⁰ Zvino tinofanira kuvhara nenguva isipi, angangoita

maminetsi mashoma, ndine zvinhu zvishoma zvandiri kuda kutaura pano, mamwe Magwaro nezvimwe zvinyorwa.

²⁹¹ Ko chirikadzi ine chanza chehupfu? Akange asvika pahutera hwake, zvichida achizviziya nenzara. Akanga asina hupfu. Hapana kumwe kwaikwanisa kuenda kunokwereta chero hupfu, hapana mumwezve aive nahwo. Asi akasvika panzvimbo, mutendi mukuru, murume wake anga ari munhu mukuru waMwari. Uye akanga ari chirikadzi, ine mwana. Uye akanga achingori nehupfu hushoma, asi hwaikwana, ndizvo zvoga zvaaida; akazvipira mumaoko aMwari, akararama nahwo kwemakore 3 nemwedzi 6, aine chanza cheupfu. Akava nehutera.

²⁹² Akabuda mangwanani iwayo kunonhonga tsotso 2, ndokudzityora ndokudzibanidza pamwe chete. Munoono, tsotso 2 Muchinjikwa. Maona? Kutyora... Akati, "Ndichanotora tsotso 2." Haana kumboti, "Ndiri kutora zhinji," zvino, tsotso 2 chete. Ndizvozvvo. Maona chiratidzo?

²⁹³ Uye, hongu, nzira yekare-kare... Nzira yekuvesa moto zvino, kutora matanda woachinjika, woapisa pakati chaipo. Pandinoenda kunokemba, ini... mumakomo panguva yehusiku, kuti ndisaoma nechando, ndinoisa danda nenzira *iyi* nedanda nenzira *iyi*, uye panguva yehusiku ndoramba ndichingosundiramo nekumucheto kwacho, zvino unoribvirisa saizvozvvo uchikuchidzira, munoono, nemumuchinjikwa chaimo.

²⁹⁴ "Ndine tsotso 2. Ndiri kuenda kuchingwa, kukanya hupfu uhwu, chanza chidiki ichi chehupfu, zvino ndozvigadzirira keke nemwanakomana wangu. Toridya tofa hedu." Akanga ari muhutura zvechokwadi, handizvo here? Akati... Zvino akabva atendeuka ndokutanga kufamba achidzokera. Oo, mangwanani iwayo aipisa! Oo, nguva yainge yareba kwazvo pasina kana chinhu. Zvose... Pasina mvura, uye vanhu vachiridza mhere, vanhu vachifa, kwese-kwese; pasina kwekukwereta, pasina chekuita. Akanga ari pamagumo emugwagwa. Akanga ari muhutura hwake. Akati, "Ndiri kuzochigadzirira ini nemwanakomana wangu, zvino tichadya tobva tafa hedu." Saka akatendeuka ndokuti...

²⁹⁵ "Chimbomirai zvishoma!" Akacheuka. Uye chiso chiya chakazara nendebvu chiripo pagedhi zasi uko, akati, "Enda unondigadzirira ini keke duku kutanga, uuye naro kwandiri." Oo! "Ndiunzire mvura shoma muruoko rwako, nechimedu chechingwa, nokuti, ZVANZI NAJEHOVHA!" Oo, ini zvangu, zvakapedza nyaya yacho. Oo, ini zvangu! Zvishoma zvaave nazvo, munoono, akazvikumikidza kuna Mwari. Zvaive zvakakwana kuti adye nguva yese iyi. Hongu. Munoono, paakanga asina simba akabva ava nesimba.

²⁹⁶ Mumwe aingova nemudziyo waiva nemafuta mashoma mauri. Uye akanga asina chinhu, vanakomana vake 2 vaizotengeswa kuti vave nhapwa. Akanga asina chimwe

chinhu chaaigona kuita nemudziyo muduku uyu wemafuta. Akanga asina kuwanda, mudzimai akanga asvika kumagumo.

Eria akati kwaari, akati, “Chii chaunacho mumba mako?”

Akati, “Angori mafuta mashoma mumudziyo.”

Akati, “Enda kuvavakidzani vako, ukwerete mizhinji.”

²⁹⁷ Ipapo, tarisai, achigadzirira zvisati zvatomboitika. Hmm? Gadzirira! Dhavhidhi akanzwa ruzha irworwo mumakwenzi emuhabhurosi. Eria akaona gore rakaenzana nechanza, akati, “Ndiri kunzwa kutinhira kwemvura zhinji.” Kana Mwari vakangogona kuwana chete midziyo isina chinhu! Ndizvozvo.

Akati, “Zadza imba izare nayo.” Ameni!

²⁹⁸ Munoono zvinoda Mwari? Mwari vanofanira kuva nemidziyo isina chinhu. Teererai! Takava nedzidziso dzakawanda, zvemachechi zvakawanda zvisina maturo, kusvikira tasvika kumagumo edengu. Pane chinhu chimwe chete chasara, tendeukira kuna Mwari neShoko raVo. Uye kana ukaita izvozvo, tora midziyo isina chinhu. Buditsa chiMethodisti kubva mavari, chiPentekosti chose kubva mavari, nechiBaptisti chose kubva mavari, uye wongorega ive midziyo, woiisa mumba. Zvino watora kubva muMudziyo uyu wotanga kudurura, ameni, ingotanga kudurura.

²⁹⁹ Aiva neanokwana kumuchengeta iye nevana vake, nezvimwe zvose, nokubhadhara zvikwereti zvose. Sei? Sei? Izvo zvisvishoma zvaaiwa nazvo, zvakakumikidzwa kuna Mwari, uye achitevera shoko remuporofita uyu, akabuda zvakanaka.

³⁰⁰ Mwari, titumirei muporofita anatora Shoko raMwari, asingatore chimwe *chimweu chinhu*, asi kungatora midziyo isina chinhu. Kana Mwari vakangowana bedzi midziyo isina chinhu, uyezve vatora Shoko raMwari voRidururira mumunhu.

³⁰¹ Kwete mumwe anoti, “Oo, ndakabvunda pandakaUgamuchira. Ndakataura nendimi pandakaUgamuchira. Ndakatamba muMweya.” Kanganwa nezvazvo, unoono, kanganwa nezvazvo!

³⁰² Ingogara ipapo kusvikira Wauya, ndizvo zvoga, kusvikira mudziyo wazara. Ndizvozvo. Ndiyo nzira yaunozviita nayo. Hongu, changamire, hunyoro hwaWo! “Midziyo yakazadzwa,” taigona sei kuramba tiri pazviri!

³⁰³ Vaiva vadzidzi, vose vakavhiringidzika rimwe zuva, Jesu akati kwavari, akati, “Kune vanhu 5,000 pano,” ndokuti, “vari kupera simba, vari kuziya nenzara.” Oo, ndaigona kugara pane izvozvo kweimwe awa. “5,000, vachiziya nenzara,” kune 100 bhiri yoni vari kufa nenzara!

Vakati, “Itai kuti vaende.”

Akati, “Hapana chikonzero chekuita izvozvo.” Akati, “Vapei zvokudya.”

304 Oo, ini zvangu! Ndinogona kuona vachikumba zvese zvavaigona kuwana, uye munoziva pavakava nezvose (zvose hazvo) vakumba zvose... Regegeraiwo kutaura kwakadaro, “kukumba zvose.” Asi vakawana zvese, vakati, “Zvino, hezvinoi, tapfuura nemumusasa wese. Hatina kana kobiri remari, saka hatikwanise kuita mbuserere.” Maona? “Saka tinazvo zvese pano, asi chinhu chega chatinogona kuwana mabhisikiti 5 madiki chete nehove 2 duku kubva kukakomana kaduku” saDhavhidhi, akabuda murenje ikoko. “Ndizvo chete zvatnazvo. Ndizvo chete zvatnogona kuwana. Tasvika patapererwa. Hapana chimwe chatingaite, Johane.” Petro akati, “Ndizvo zvoga zvatingaite. Ndizvo zvoga zvatingaite. Tasvika pakupererwa. Ndicho chinhu chega pane zvekudya chatawana.”

305 Zvinoka, ndinogona kungatora Gwaro diki rimwe chete, Mabasa 2:38, uye ndizvo zvoga zvatnoda, kungoteerera iRoro. Hazvidi kuti udzidze maseminari, zvese pamusoro peizvi, izvo, nezvimwewo, ingatora iRoro. Hongu, ingo—ingatora iRoro, ndizvo zvoga zvaunoda, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu, uye muchazadzwa neMafuta.” Maona? Ingorasira zvese kunze, gadzirira iYeye, ndizvo zvega zvaunoda. Ingoisa donhwe mauri, tarisa uchizara.

306 Munoziva, makanga musina akakwana mumudziyo iwoyo ekuisa donhwe mune mumwe nemumwe. Pamwe akatora munwe wake, sezvizi, ndokungoadonhedzera mune mumwe nemumwe saizvozvo; akatarisa shure ndokuona wazara. Akangoadonhedzera, munona, ndizvo zvoga zvaunoda, nokuti aiva mafuta akaropafadzwa.

307 Usatora chimwe chitiko cheseminari. Tora Shoko raMwari uRidonhedzere imomo, uone kuti uchazara sei.

308 Akati, “Saka, imhandoi yedonhwe ratinofanira kuita? Zvichida tinogona kutora chimwe chinhu kubva muna Mapisarema.”

309 Torai zvandakakuudzai, “Tendeukai, uye mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi, uye muchazadzwa kubva paDonhwe iroro.” Ingoridonhedzerei imomo, uye uchazadzwa kubva paDonhwe iroro. Ndiri Donhwe rakashandiswa naPetro paZuva rePentekosti. Ndiri Donhwe rakashandiswa naPauro. Ndiri Donhwe rakashandiswa nevadzidzi vese. Zvimwe zvacho zvichawedzerwa, iwe ingatora Donhwe iroro wotevera izvozvo, uye zvimwe zvese zvichanaka.

310 Iva dera! Buditsa zvese mauri! Buditsa zvose, uye kubva ipapo zvichienda mberi zvicharamba zvichidonha, uye Mwari vachadonhedza zvimwe zvose. Iwe ingoita izvozvo. Wira pamabvi ako wogamuchira izvozvo nemoyo wako wese. Donhedzera mumoyo mako iko zvino woti, “Mwari, ndinoZvitenda, nemoyo wangu wose!” Mwari vachaona zvekuita

nemamwe madonhwe ose, uchazadzwa, “Iwe uchave wakare- . . . kuzadzwa noMweya Mutsvene.”

³¹¹ Zvino vakanga vane mabhisikiti maduku 5 nehove 2. Saka vaizoitei? Saka vakauya ndokuti, “Izvi ndizvo zvoga zvatinogona kuunganidza. Tatopererwa. Hatikwanise kuwana chimwe chimedu chechingwa chero kupi hako, hapana munhu. Uye mukomana mudiki uyu, pamwe achiratidza . . . aita zvekurovha kuchikoro, aenda kuchikoro mangwanani ano, ndokurovha chikoro akaenda kunoraura zasi kuno. Zvino tamuwana zasi uko parukova, auya kuzoteerera. Uye, apo, ane 5.” Tinotenda Mwari nokuda kwemukomana mudiki uyu! Hongu, changamire. Akati, “Isu . . . chinhu chimwe chete chatiinacho mumutsara wehupenyu kadonhwe kaduku aka.” Akadaro . . .

³¹² Jesu akati, “Zvinokwana. Huyai nazvo pano.” Maona? “Zviunzei pano, Ndipei. Ndipei donhwe diki iroro, Ndichagadzirisira zvimwe zvese zvasara. Zvino, imi ingorambai muchiendesa iNi ndichikupai kubva padonhwe iri.”

³¹³ Uye mumwe nemumwe wenyu tora donhwe raMabasa 2:38 mangwanani ano, mumoyo mako, zvino wongotora kubva ipapo woMutarisa achitanga kukumedurira Chingwa cheHupenyu. Iwe tendeuka, ubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti uregererwe zvivi zvako, uye wobva waona kana Mweya Mutsvene usingapindi mukati, uchiramba uchidonhedzera pane *ichi* uye uchidonhedzera pane *icho*, uchidonhedzera *apa* nokudonhedzera *apo*, nokudonhedzera *apo*, zvino pachava nokuzadzwa noMweya Mutsvene! Ndizvozvo!

³¹⁴ Hazvidi kuti uende kumaseminari. Hazvidi kuti unge wakangwara. Chinhu chega chaunofanira kuita kucherechedza kuti hapana chaunoziva. Rega Mwari vakubate, Vachagadzirisira zvimwe zvese zvasara.

³¹⁵ Zvakanaka, zvino Inzwi rakati, “Zviunzei pano.” Ndizvo zvinodiwa naMwari mangwanani ano, kuti uVaunzire butwa remidziyo isina chinhu. Vachagadzirisira zvimwe zvese zvasara. Hongu, changamire.

³¹⁶ Bhatimeo bofu agere pasuwo, akapfeka mamvemve, achitonhorwa, oo, munguva yake yehutera hwakanyanyisa, paakanzwa Inzwi, rakati, “Muunzei pano.” Ndizvozvo, iyo, imwe nguva, inguva yako yehutera hwakanyanyisa.

³¹⁷ Paive naMaria paguva, moyo wake uchirwadziwa, Mwana wake, Mwanakomana wake akanga auraiwa, zvose, tariro yose yakanga yapera. Zvino akaenda kunoisira zvinochengetedza mutumbi waKe, uye kunyange mutumbi waKe wakanga usimo. Zvino akanzwa Inzwi richiti, “Unochemeiko iwe, mudzimai?”

³¹⁸ Akati, “Vatora Ishe wangu. Uye ini . . .” Chinhu chidiki chinonzwisa urombo, aiva Mwana wake akanga aiswa pakunyadziswa; vakaMukurura kusara ari musvo zvino vakaMuturika ipapo paMuchinjikwa, ndokuMuroverera

nokuMukon'orera zvipikiri kumusoro ikoko, mushure mokunge Ataura kuti ndiye Mesiya, mushure mekunge mudzimai aziva kuti Mweya Mutsvene wakamufukidzira uye ukaunza Mwana uyu. Akanga ari Mwana waMwari. Akanga aona mabasa aKe, nezvose, uye akaona panguva chaiyo yehutera hwakanyanyisa...

³¹⁹ Zvino ipapo Jesu akange amira achipikisa zvakaipa, akamira achipikisa masangano iwayo, akamira achipikisa vaFarisei ivavo; ndokupera simba ndokuZvikumikidza kurufu, ndokufa semutadzi paMuchinjikwa, akatakura zvivi zvedu. Mapisarema chaiwo, vaporofita vacho chaivo vavaitenda mavari, vakanga vataura (mazana emakore zvisati zvaitika) iwo Mashoko chaiwo aAkataura paKarivhari, uye vakatadza kuzviona. Vakuru vavo vemache...

³²⁰ “Mwari wangu,” akadaro Dhavhidha, “Mwari wangu, ko Mandisiyireiko?” Mapisarema 22, “Mapfupa angu ose, vanondidzvokora, hapana kana rimwe rawo rakatyoka. Vanozunguza musoro wavo uye voti, ‘Aivimba nevamwe... Aka—Akaponesa vamwe, iYe pachaKe haagoni kuzviponesa.’” Uye zvinhu zvose zvakanga zvataurwa nevaporofita, zvaivapo ipapo chaipo! Zvino Jesu, achifa, akabata Shoko iroro, akaZvikumikidza. Mwari, Emanueri, vakapera simba zvikuru zvekuti Vakazvikumikidza kurufu, nekuguva, uye mweya waVo kugehena. Hutera! Asi kubva mukuzvipira kuzere ikoko... ndokubuda mangwanani iwayo eEsta, uchikwira nenzira yaYo kubva pasi-pasi.

³²¹ Akanga ari Wekumusoro-soro, uye akava wepasi-pasi. Akauya kuvanhu vakadereresa, akaenda kuguta rakadereresa. Uye murume mudikisa muguta akatoMutarisira pasi. Akabva ipapo achienda kurufu, uye kubva murufu kuenda muguva, uye kubva muguva kuenda kugehena; kusvika kwakadereresa kwaigona kusvikwa, kugehena rakadereresa raigona kufungwa nezvaro, Akaenda kwariri.

³²² Asi zvino, kubva ipapo, Mwari vakatanga kuMumutsa. Kudarika nemuParadhisu, kubva imomo kuenda ku—kubwiro, uye kubva kubwiro kuenda muKubwinya, uye Mudenga kwazvo zvokuti Anotofanira kutarisa pasi kuti aone Kudenga. Vakakwidziridza zvigaro zvehumambo zvaKe Kudenga!

³²³ Amai vadiki vava vairwadziwa mwoyo, vasingazivi izvi, vakamira ipapo, “Vatora ndokuenda naIshe wangu, uye handizive kuti kupi.” Vakanga vari...panguva yekuva nehutera hwakanyanyisa yavakambova nayo. Ishe wavo—wavo akanga aenda. Vakanga vaMuroverera pamuchinjikwa, asi zvakadaro Akarega izvi...kuMuroverera mukunyadziiswa kwekuMaturika kumusoro ikoko ari musvo pamberi pavanhu ivavo; ndokuMubaya nepfumo parutivi, uye achibuda ropa, nokuMunzwa achichema ari paMuchinjikwa, nekuona nyika

ichindengendeka, uye matenga ose akacherechedza kuti Akanga afa. VakaMuburutsa, akaoma uye achitonhora, ndokuMuradzika muguva. Vakafunga kuti, “Ruremekedzo rwekupedzisira rwandinogona kuita kuMwana wangu anodikanwa kuuya ndozoisa zvinochengetedza mutumbi waKe, uye zvino vaMutora.” Zvino vakanga vakamira ipapo vachichema, amai vadiki ivavo vakamirapo vachichema, vachipfikura. Oo, nguva yehutera hwakanyanyisa!

“Unochemeiko, iwe mudzimai?” rakanga riri Inzwi shure kwavo.

³²⁴ Vakafunga kuti aiva muchengeti wekumakuva, akati, “Oo, vatora . . .” Havana kana kukwanisa kucheuka, vakanga vasina simba zvachose. Vakati, “Ndange ndakamuka zvino mazuva 3 ese aya nehusiku. Ndakamira ndakatarisa achirovererwa, ndakatarisa Mudikani wangu ini wandinoziva kuti anga ari Mwanakomana waMwari. Ndinoziva kuti Aiva! Uye zvakadaro ivo . . .” (Vakatarisa kune rimwe divi, uye iYe ari kumashure.) “Zvino vakaMutora ndokuMurovera pamuchinjikwa. NdakaMuona achimutsa vakafa kubva muguva. NdakaMuona achiita minana pamusoro peminana. Uye ndinoziva kuti Mweya Mutsvene . . . Mwari vanoziva moyo wangu, ndainge ndisina kana mhosva pane chii zvacho, zvino Mweya Mutsvene wakandipa Mwana iyeye ndisingazive murume. Ndinoziva kwazvo kuti chaiva chokwadi! Zvino ndakaMuona achinyadziswa uye . . . vakabvanzura hanzu dzaKe kubva paAri, uye vakaMurembedza ipapo nokuMubvisa hanzu. Akafa rufu rwakaipisisa. NdinoMuda, handina basa nezvakaitwa kwaAri. Ndichiri kuda kuMuviga, ndinoda—ndinoda kuMuviga nenzira kwayo, zvino vaMutora. Ndave nemazua nemazuva, moyo wangu wakaputsika. Ndakangomira ndiri muchinhano ichi. Handizivi zvavaita naIshe wangu.”

³²⁵ Akati, “Maria.” Iye ndokubva asimba. Amen! “Enda unoudza vadzidzi vaNgu kuti Ndichandosangana navo muGarirea.” Oo, ini zvangu!

³²⁶ Muhutera tinobva tasimbiswa. Paunenge usina simba, ndipo paunova nesimba.

³²⁷ Petro, mushure mekunge ava kunze uko achibata hove, akanga ari . . . basa rake raiva rokuredza. Ndinoita sekufarira basa rake. Zvino saka, akanga ari kunze uko achiredza, akawodzwa mwoyo, achiziva kuti akanga aramba Kristu. Oo, ini zvangu! Akanzwa Muporofita iyeye akamira ipapo achimuudza kuti, “Petro, unoti unoNdida here?”

³²⁸ Akati, “O Ishe, Munoziva kuti ndinoKudai.” Akati, “NdinoKudai. Ndakagadzirira kuKufirai.”

³²⁹ Akati, “Petro, unofunga kuti uri kuzvirevesa izvozvo, asi uchaNdiramba katatu risati . . . UchaNdiramba jongwe risati

rarira kechitatu. Munoono, uchaNdiramba katatu jongwe risati rarira.”

³³⁰ Zvino achiona izvozvo zvichiitika, paakamira ipapo zvino akati “HandiMuzive. Kwete, hapana chandinoziva pamusoro pavo maPentekosti ayo.”

³³¹ Haisi nguva yekumira kuparidza, ingori wachi yangu chete iri kupengereka zvayo. [Aramu iri pawachi yaHama Branham yakarira—Mupepeti] Maona? Akataura kuti, “Ndi—ndinoziva...” Ndi—ndinofanira kumira zvino, asi ini—ini handikwanise kumira panguva ino, munoono, saka ndinofanira kupedzisa izvi pano kwechingvana.

³³² Akati, “Ndi—ndi—ndi—ndinoziva kuti ndakaMuramba. NdakaMuramba pamberi paPirato. NdakaMuramba pamberi apo mudzimai mudiki uya akauya kwandiri, akati, ‘Uwe hausi mumwe wavo here?’ ‘Kwete!’ Uye nokutotukirira!” Oo, akanga ari muchimiro chakaipa kwazvo. Akati, “ini—ini—ini...” Mudzimai akaramba...Iye akanga aMuramba. Uye akanga aona Jesu akamira ndokutarira, zvino ndipo apo jongwe rakarira, akatarira Petro. Akabuda. Oo, akawodzwa mwoyo nokuda kwake iye, akati, “Ko ndichagoramba ndichiraramirei zvangu?”

³³³ Uyezve, pamusoro pazvo, akati, “Ndinofunga ndichadzokera ndonoraura zvakare. Handichakwanisi kuparidza zvakare, saka ndichangodzokera ndotanga kuredza.” Akanga akanda mambure ake mukati uye akanda husiku hwose, haana kuwana hove. Zvino akanga ari panzvimbo yehutera, akanga asina chinhu, akawodzwa mwoyo nokuda kwake iye, asvika pakuguma kwekukwanisa kwake.

³³⁴ Zvino, akafunga kuti aive munhu mukuru, akagura nzeve dzemwanakomana wemuprisita mukuru saizvozvo. Zvino, aifunga kuti akanga ari muchinda mukuru, munoziva, akanga adzidza chimwe chinhu. Asi hapana chaaiziva! Aifanira kukanganwa zvese nezvazvo.

³³⁵ Uye hoyo uyo ari kunze uko, akati, “Zvinoka, ndinoziva chinhu chimwe chete, ndiri muredzi. Ndichiri kugona kurarama, nekubata hove.” Akakanda husiku hwose uye haana chaakawana. Oo, kuwodzwa mwoyo kwakadini! Pese paaiudhonza, mumbure usina chinhu. Zvino akanga awodzwa mwoyo zvikuru! Akanga ari pachinano chehutura hwakanyanyisa, akati, “Ndotongonzwa kuda kusvetuka kubva muchikepe chino. Handikodzeri chinhu, zvisinei.”

Akati, “Mune hove here, vana?”

³³⁶ Akatarisa kumahombekombe, zvino hapo pamire Murume. Akati, “Kwete, tashingaira husiku hwose uye hapana chatawana. Ndaifunga kuti ndiri muredzi.”

“Ndiwe here, Simoni?”

337 “Hongu. Zvino, ndashingaira husiku hwese uye handina chandawana. Oo, ini—ini . . . Hatina hove kunze kuno.”

Akati, “Zvakanaka, kanda mambure ako kune rimwe divi.”

338 “Taita . . . Chii?” Zvino iye- . . . Akati, “Kune rumwe rutivi? Tange tichiita izvozvo!”

“Akandirei kune rimwe divi.”

339 Akakandira mambure ake kunze uko, ndokudhonza. Akati . . . Akabva ava nesimba. Oo, ini zvangu! Akatora jasi rake rekuredzesa naro ndokuripfeka paari, akati, “Hama, ndiYe iYe wacho!” Uye akatangira vamwe vose kusvika kumahombekombe, vasati vakwanisa kukwasva zvikepe izvozvo nokukurumidza kwavaigona nako, akavatangira kutuhwina, akapfeka jasi rekuredzesa naro, akasvika kumahombekombe. Sei? Paakava nesimba. Paakanga akasimba hapana chaakagona kuita, asi paakapera simba akabva asimba. Hongu, changamire.

340 Oh, zano raMwari ndere kutora midziyo yevanhu isina chinhu uye vozunguza nyika nayo. (Zvino, zvishoma bedzi tobva taenda zvedu.) SepaPentekosti, paPentekosti, chii chaAkaita? Zvakavatorera mazuva 10 kuti vabuditse zvose. Asi vose vakanga vakamirapo nemidziyo yavo yakatarisa mudenga, zvino Mwari vakaZvitora ndokuvazadza. Ndizvo zvoga! Vakazunguza nyika; vakaZvidurura mavari.

341 Ndizvo zviru kudiwa nhasi. Ndizvo zvatinoda nhasi, midziyo isina chinhu, hongu, changamire, kuti Mwari vagoizadza. Uye haugone kuitora . . . Ndinofanira kusiya zvakawanda pano. Mwari havakwanise kuvashandisa kana ivo vakatozadzwa kare. Kana uzere nedzidziso yebhaibheri, Mwari havagone kukushandisa. Mwari vanofanira kuva nemidziyo isina chinhu kuti Vagoizadza.

342 Zvino, Eria haana kuti, “Enda unotora mimwe midziyo uye wokwereta mafuta mazhinji, uye tichaona kana tisingakwanise kuwana mutengo wakanaka wekuatengesa nawo, uye wowana mamwezve mashoma uye wokwanisa kubhadhara muvakidzani saizvozvo.” Akati, “Ingotora midziyo *isina chinhu*. Ndizvo zvoga zvaunoda.”

343 Ndizvo zvazvaive paPentekosti, vaive nemidziyo isina chinhu kuti Mwari vagoizadza. Hama, zuva ranhasi rinoda izvozvo. Zuva rino; rinofanira kuva nazvo. Tichava nazvo kana kuti toparara. Ndava kuvhara zvino, teererai. Tinofanira kuva nazvo kana kuti toparara. Hongu, changamire.

344 Michina mikuru yevafundisi yatinayo, michina mikuru yechechi yazara kabhoni, yafa pamweya mairi. Hama Collins vari pane imwe nzvimbo pano, naHama Hickerson. Ndinofunga kuti kirengishafuti yakafa. Pane chatsveyama. Vanoshandisa mhando yepeturu isiri iyo, yazara kabhoni. Vanoshandisa ruzivo rweseminari pachinzvimbo cheMweya Mutsvene.

³⁴⁵ Rumutsiro rvedu rukuru rwemunyika, munhu wedu mukuru, misangano yedu yekunamatira vanorwara, zvose zvakundikana. Tinoziva kuti zvadaro. Tarirai muvhangeri wedu anoremekedzwa, Billy Graham, akatenderera nyika atendererazve, ndokutenderera nekutendererazve, akatenderera nekutendererazve. Chii chazvakabatsira? Oral Roberts, misangano yekunamatira vanorwara kwese-kwese, uye zviri kutowedzera kuipa nguva dzose.

³⁴⁶ Nokuti vose maBaptisti, maPresbyteriani, Assemblies of God, mamwe masangano ose aya akasiyana, oaunganidza ose pamwe chete, chii ichochi? Muchina mukuru wevafundisi, uye Mwari vakauzadza ukazara nekabhoni. Zvino wave kungokosora-kosora, “koso,” pumu, pumu, pumu, “koso,” pumu, pumu, pumu, zvishoma pano neapo. Wapera basa! Waparara! Peturu yapera, makadira mvura mauri. Zvese zvaparara (hongu, changamire), mavhiri akaponja kumativi ese maviri. Tiri muchimiro chakaipa kwazvo. Muchina wevafundisi wamira.

³⁴⁷ Uye, hama, chivharo chegehena chakwadabuka. Ndizvozvo. Uye hova dzesimba remadhimoni dziri kuyerera dzichibva kwese-kwese. Rakakunda marudzi. Rakakunda zvevatongerwo nyika kusvikira zvaora kusvika kumwongo. Rakakunda makereke kusvikira hapana chavanoziva kunze kwesangano.

Unoti, “Uri Mukristu here?”

“Ndiri muMethodisti.”

“Uri Mukristu here?”

“Ndiri—ndiri muPentekosti.”

³⁴⁸ Izvozvo hazvina kusiya, sezvandakataura rimwe zuva, nekungova nguruve, kana hochi, kana bhiza, kana chimwe chinhu. Hazvinei nechokuita naZvo. Uri Mukristu kana wazvarwa patsva uye wazadzwa neMweya Mutsvene, kwete kusvikira ipapo, uye wakazvipira zvakazara kuMweya. Kana usina kuzvipira kuMweya, zvino hauna kuzvarwa patsva uye hauna Mweya Mutsvene. Unogona kutaura nendimi uye wodendera, nokusvetuka nokumhanya, nokuita mhando dzose dze...

³⁴⁹ Pauro akati, “Ndinogona kufambisa makomo nokutenda, ndinogona kupodza vanorwara, ndinogona kuva nezivo yeBhaibheri, ndinogona kuenda kuseminari ndonodzidza zvinhu zvese izvi, zvese,” akati, “zvakadaro handisi chinhu!” Hareruya!

³⁵⁰ Oo, ini zvangu, taura nezvechivharo chabviswa paketero! Madhimoni achitenderera, masimba adhiyabhore, pasi pezita reChikristu, “vachidzidzisa mirairo yevanhu seDzidziso,” dzidziso dzechikoro chebhaibheri, vachisiya Bhaibheri roga.

³⁵¹ Hareruya! Ndiani anogona, ndiani ane simba rakakwana, ndiani akachenjera zvakakwana? Ndiani ane simba rakakwana rekupingudza mhomho yese iyi iri kukurura zvipfeko zvevakadzi vedu, muzita revaparidzi, Methodisti, Baptisti, uye kunyangwe maPentekosti? Vachipenda zviso zvavo saJezebheri, nokugera vhudzi ravo, nokupfeka midhebhe sevarume. Vaparidzi vedu, vasinganyatsogona kusimuka vachivaudza nezvazvo. Vakagarwa nemadhimoni! Rigiya ndiye akabvarura hembe dzake kubva paari. Ndianiko dhiyabhore uyu ari kudzvova?

³⁵² Ndiani akasimba zvakakwana? Imhando ipi ye—yesangano rinokwanisa kumukunda achifamba achikwira nekudzika nemumatombo epamakuva aya emasangano, achidanidzira kuti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura, uye hatidi Mweya Mutsvene”?

³⁵³ Zvino ndiani angapingudza dhiyabhore iyeye? Mwari! Hatikwanise kuzviita nesangano. Hatigoni kuzviita nemasimba evafundisi. Asi paiva neNzwi pane imwe nguva rakazviita, ameni, rakapingudza madhimoni iwayo, ndokuaisa mupfungwa dzawo chaidzo uye nokuapfekedza hembe. Inzwi rimwe chetero rakatipa vimbiso, “Mabasa aNdinoita muchaaaitawo.” Haufe wakazviita nepeturu yevafundisi mumotokari yakazara nekabhoni. Haufe wakazviita musangano. Unozviita kana uchinge waburitsa zvole uye wova dera, wadurura kunze zvole zvaari, uye worega Mweya Mutsvene upinde uye wozunza nhengo yako yose, wozadza chivharo chese chemuviri wako. Ndizvo chete. . . zviite. Hatidi sangano idzva.

³⁵⁴ Zvatinoda, O Mwari, ndinoZvinzwa zvichipinda mukati neapa zvino. Chatinoda muporofita waMwari kuti asimuke ane kutinhira kwemheni kwaMwari, mheni yepamweya ichazunguza nyika ino kuti inyadziswe! Hareruya! Mudziyo usina chinhu ndiwo waVanoda, ndizvozvo, Chechi yakadanwa, vashomanana vachagamuchira simba raMwari neparopafadzo neMharidzo yaVo. Hareruya! Ndizvo zvatinoda.

³⁵⁵ Iva nehutera kuti ugove nesimba. Zvichakunda dhimoni rese. Zvichaisa vakadzidza pakunyadziswa. Zvichaunza varume nevakadzi vakadanwa naMwari, uye ivavo chete.

³⁵⁶ Rangarirai, “Sezvazvaive mumazuva aNoa, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu, mweya 8 yakaponeswa.” Mumazuva aEria kwaiva ne 7,000 chete vaiva naYo. Oo, chingofungai nezveapo patiri kurarama zvino. Johane paakauya panzvimbo, chechi diki yaive muhushoma, asi paiva nemidziyo isina chinhu yokudira Mafuta mairi. Hareruya!

Mwari, regai tidururire zviri matiri kunze.

³⁵⁷ Ivai musina chinhu mamuri, shamwari. Ivai nehutera! Rambai kugona kwenyu! Uye imi muri kuredhiyo. . . kwete redhiyo, asi kunze mu. . . vanonzwa matepi aya, kwese kwaanouya, rasai zvese zviri mamuri. Zvidururirei paartari

yaMwari sechibayiro. Rega Mutumwa auye nezimbe reMoto, ozadza mudziyo iwoyo nesimba raMwari Samasimba. Kuita... Ipapo Vanobva vakusimbisa, Vanokupa nyasha dzekuti umire.

Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana.

³⁵⁸ O Ishe, mamwe mangwanani eSvondo apfuura, uye tange takagara mugungano rino rine kurevesa, apo varume nemadzimai vanoKuzivai, umo Mweya weNyu unogara mukati memwoyo yavo, uye vanoKutendai uye vakaita maringe neShoko rimwe nerimwe raMa—raMakatirayira kuti tiite. Uye tinoKutendai nokuda kwevanhu ava.

³⁵⁹ Uye panogona kunge paine vamwe kunze kunyika uko matepi aya achaenda, uko madzimai maduku nevarume vakazvininipisa vachaatora mudzimba nekumarudzi nokunze kune dzimwe nyika. Uye dai vakanzwa, Ishe, uye vanzwise, varase kunze zvose zviri mavari kuti Mweya Mutsvene ugone kuvazadza.

³⁶⁰ Panogona kunge paine vamwe vari pano mangwanani ano, Ishe, vangadaro...varasa zvese zviri mavari kubva zvataanga kutaura, avo vacherechedza kuti vakavimba zvakananyanya nepfungwa dzavo ivo, pachavo, ivo...kugona kwavo, vachivimba mune hu—hungwaru hwepfungwa dzavo dzemunhu dziri nyore, dzisiri chinhu kunze kwetsvina pamberi paMwari. O Mwari, dai vangorasa zvose zviri mavari zvino, vozviisa pasi vakazvininipisa uye vogouya kuzozadzwa neMweya. Zviitei, Ishe.

Zvakanzi muBhaibheri, “Vose vakatenda vakabhabhatidzwa.”

³⁶¹ Hapo pagere muchivakwa chino mangwanani ano, Baba, mudzimai mudiki, agere kumashure kuno kumashure, uye ndinorangarira Mai Hicks vachiuya kwandiri humwe husiku uye hapo vakarara vangosara mapfupa chete, marunda, ganda rerunda diki rakatatanuka pavari, kenza yakanga yavadya; murume wavo, asati ava Mukristu. Zvino ndinorangarira munamato wandakanamata husiku ihwohwo: “Mwari, Makatuma Dhavidha mudiki akatevera shumba nechimviriri chidikiwo zvacho, uye akadzosa gwayana.” Ndakati, “Kenza iyi yabata hanzvadzi yangu; idhimoni. Ndinoziva kuti Muri Mwari. NdakaKuonai, Ishe, uye ndinoziva. Ndakataura neMi, uye Makataura muchipindura.” “Ndinotevera gwai raMwari; kenza, iwe musunungure!” Ndokuvaraira muZita raJesu Kristu kuti “Endai henyu kumba.” Zvino murume wavo, uyo akanga asati azvipira, akatenda Shoko iroro ndokuenda nomudzimai wake kumba. Hevanoi ava mangwanani ano, mudzimai muhombe akasimba ane hutano, kenza yakapera, vari kuuya mangwanani ano kuzobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. O Mwari, ndinoKutendai nokuda kwemudziyo iwoyo

usina chinhu wagadzirira kuzadzwa. Mwari, ndinonamata kuti Muropafadze mweya iwoyo.

³⁶² Ishe, ndiwo muenzaniso wevamwe vakawanda. Ndinonamata kuti maropafadzo eNyu azorore pamusoro peungano iyi, zvakadzama, Mwari, zvakadzama. Kana. . .

³⁶³ Pane chinhu chimwe chete chasara, Baba, chandiri kuona, ndiko kuti, Musimuke pane imwe nzvimbo nemimwe midziyo isina chinhu uye moita kuti nyika ino izvinyarire, kana kutumira Jesu nokukurumidza chaiko. Kuti kuguma kwasvika, Ishe, kwasara zvinhu 2 chete kuti zviitwe (uye tinofanira kuzviona izvozvi) nekuti tinoziva kuti zvasvika pakuguma; zvichida tichaona chimwe chinhu chikuru chichisimuka izvozvi, kana kuti tichaona Kuuya kwaShe.

³⁶⁴ Chiporofita chose chazadziswa. Chinhu chekupedzisira Chechi isati yamutswa, Isati yatorwa muna Zvakazarurwa chitsauko 3, kwaiva kuuya kwemutumwa kuZera reChechi yeRaodhikia, uyo aizo “dzorera mwoyo yevanhu kumadzibaba epakutanga,” kuvadzosera kuPentekosti yamazuva ose, yavanoti vanayo. Panozova nezviuru zvakapetwa nezviuru, sezvazvakanga zvakaita muzuva raNoa, Ishe, vanozorasika. Vazhinji vavo vacharasika. Tinozviona zvatozadziswa kare, Baba.

³⁶⁵ Huyai, Ishe Jesu, bvutai Chechi yeNyu. Uye kana kuri kuda kweNyu, Ishe, Chechi iyoyo yave pedyo nokubvutwa, dai kwasimuka Simba. O Mwari, zadzai midziyo iyi. Vasimudzei, Ishe! Zunguzai nyika ino zvakare! Tinoziva kuti nguva ichange yadarika, hapazovi nekutendeuka panguva iyoyo, inenge yaperesa kwazvo kwavari panguva iyoyo. Asi ratidzai Simba reNyu, Ishe, zadzai midziyo iyoyo uye mozunguza nyika ino sezvaisati yambozunguzwa kumashure! Torai Chechi yeNyu zvino. Siyai nyika iri munyonganyonga yayo yaigere mairi, O Mwari, vanonetseka.

³⁶⁶ Zvino tinoziva kuti Mweya Mutsvene mukuru uchauya kumaJudha zvino. Patakanoona 144,000 vamire paGomo reSinai, vamire neGwayana, asi Mwenga wakanga watova Kudenga. Wakanga watotorwa kare, uye Gwayana rakanga radzoka (Josefa) kuzoZvizivisa kuvanhu vaKe. Zvino Bhaibheri rakati pachave nekuchema pakati pavo pavachatarisa uye voMuona akamira ipapo. PaAnoZvizivisa, vanozoti, “Wakaawanepi mavanga ayo?”

Akati, “Mumba meshamwari dzaNgu.”

Ipapo vanobva vati, “NdiYe watakaroverera pamuchinjikwa.”

³⁶⁷ Uye achataura sezvakaita Josefa, “Musanetseke, nokuti Mwari vakaita izvi kuti vaponese hupenyu hweMarudzi. Yakanga isiri mhosva yenyu.” Vakabva vati vachapatsanurana,

mhuri imwe kubva kune imwe, vachazochema sekunge mwanakomana mumwe chete anenge atorwa pamusha.

368 O Baba, zuva iroro rava pedyo, ndiwo magumo eMavhiki 70 iwayo. Kuti nguva yave pedyo, Ishe.

369 O Mwari, dai inzwi—inzwi revaporofita vechokwadi vaMwari radanidzira richipikisa mudzimai wechimanjemanje uyu wanhasi, chechi yechimanjemanje ino, dzidziso yebhaibheri iyi yekereke yechimanjemanje.

370 Zunguzai vaparidzi ava vanotya kutaura Chokwadi. O Mwari, torai varume ava muvazunguze zvisina kumbovapo kumashure, vaitei kuti vazvinyarire.

371 Asi tinoziva chinhu chimwe chete ichi, uye tinogona kuzorora nechivimbo chakazara, kuti, “Hapana munhu achauya kunze kwekunge Baba vamukweva. Uye vose vakapihwa naBaba vachauya.” Vachasvika kwaMunenge mada kuti vasvike. Asi Makati, “Musatya, boka duku, kuda kwakanaka kwaBaba venyu kukupai Humambo.” Tinoziva kuti Ichokwadi. Makatiyambira nguva yese iyi kuti pachangova nevashoma, vashoma-shoma pachange vakagadzirira kana nguva iyoyo yasvika. Zvino pachava nerumuko rukuru, uye vose vakadzikinurwa vakanga vakadzikinurwa mumazera ose vachazomuka. Asi muzuva rino rokupedzisira, panguva yokupedzisira, ipapo Chechi zvirokwazvo ichange iri muhushoma.

372 Saka tinozviona, Baba, tinoona Mharidzo yezuva rino. Tinoona kurambwa kwaYo, tinoona kupatsanurana, tinoona zvinhu zvose izvi.

373 Tinoona vanhu veNyu vachipupura kuti havasi...havasi “chinhu.” Vanongoda kuzadzwa neMi, Ishe. Zvino, ndinonamata kuti Muzunguze nyika navo, mazuva mashoma Kuuya kwaShe kusati kwasvika.

374 Zvino pakati pedu pane hurwere, kune vanhu vanoda kupodzwa panyama. Hatingavasiyi kunze, Ishe, nokuti zvinonzi, “Usakanganwa ose makomborero aKe: iYe anokanganwira kusarurama kwako kwose; uye Anopodza zvirwere zvedu zvose.” Tinonamata kuti simba raKe guru rekupodza rive pane mumwe nemumwe ari pano. Kana Muchikwanisa kuponesa mweya kunze uko musina kufamba, moyo wake chete uriwo watendeukira kwaMuri, zvikuru sei Muchigona kupodza mutumbi!

375 Heano mahengechepfu ari pano aya. Ndinoaropafadza muZita raIshe Jesu, sezvakaita muApostora mukuru Pauro. Ani naani anopfeka mahengechepfu aya ngaapodzwe. Dzimba dzakaputsika ngadzimiswe zvakare. Dai vana vadiki, vasina baba, vasina amai, uye avo vakasiyana, dai musha iwoyo ukabatanidzwa zvakare. Zviitei, Ishe. Podzai vose vanorwara zvino, nevanotambudzwa, Zviwanirei mbiri.

³⁷⁶ Uye, Ishe, isu tiri kuedza kuchengetedza midziyo yedu yakatarisa mudenga, maziso edu akatarira kumusoro, mwoyo yedu yakatarisa kumusoro kwaMuri, tichiramba kuti tinotobatanidzwa nenyika ino. Bhaibheri rakataura kuti “Abrahama akabuda pamusha pake, akabuda muguta rake, kuti anogara semutorwa munyika yechipikirwa, achipupura kuti iye akanga ‘asiri wenyika ino’ asi akanga ari ‘mufambi nomutorwa.’” Abrahama nalsaka naJakobho, vose vane huchapupu uhwu hwokuti ivo “havasi wenyika ino,” vanotaura zviri nyore kuti kune Guta Rine Muvaki noMuiti waro ari Mwari, uye vari kuenda nenzira iyoyo.

³⁷⁷ Dai mwoyo yashandurwa izvozvi pandiri kunamata, Baba, uye mamwe maonero ngaabviswe. Uye kana sevhisu yerubhabhatidzo yasvika, dai pakava nekuzunguzwa kukuru pakati pevanhu, dai pakava nevanhu vanga vasati vambozvifunga kumashure, dai zvazarurwa. Uye Makataura kuti vose vaMakanga madana, Mai—Maizotuma.

³⁷⁸ Zvino, ndinozviisa zvose kwaMuri, Ishe, nemharidzo duku iyi yakaguka-guka yabva mumudziyo unonzwisa urombo usina chinhu mukati, Ishe. Ndinonamata kuti Mungotora Mashoko iwayo mugoanyunguditsa mumwoyo yevanhu, uye dai vakasazokwanisa kubva paRi. Zviiteiwo, Ishe. Ndichizvikumikidza kwaMuri zvino, muZita raJesu Kristu. Amen.

[Imwe hama inopa chiporofita—Mupepeti]

³⁷⁹ Apo muri kuiita sarudzo yenyu, itai sarudzo. “Munomirireiko pakati pepfungwa 2?” Manzwa zvaVataura. Kana Mwari vari Mwari, Vashumirei; kana nyika iri mwari, ingoendererai mberi. Maona? Kana nzira yemasangano yakarurama, endererai mberi nayo; asi kana Bhaibheri riri rechokwadi, zvino huyai kwaRiri. Maona? Sarudzai nguva ino wamuchashumira.

³⁸⁰ Ngatingo, muMweya, tiimbe rwiyo zvino. Bhaibheri rakati, “Vakaimba rwiyo ndokubuda.” Ngatiimbei rwiyo rwekare urwu rwakakurumbira, *NdinoMuda*, nemisoro yedu nemoyo zvakakotamiswa kwaAri.

NdinoMuda,

Zvino chisarudza zvauchazoita.

NdinoMuda

Nokuti ndiYe akatanga kundida

Ndokutenga ruponeso rwangu

Pamuti weKarivhari.

³⁸¹ [Hama Branham vanoimba mahon’era kuti *NdinoMuda*—Mupepeti] Ungaita here sarudzo yako kuna Kristu? Kwete sarudzo, chaizvoizvo, kungoburitsa zvese zviri mauri, “Ishe, handina kunaka. Hapana chakanaka chiri mandiri.

Ngandikanganwe zvose zvandakamboziva. Zvino huyai, Ishe Jesu, musarega izvi zvichipfuura nepamusoro pangu. NgandiUgamuchire uye ndizadzwe neMweya weNyu, Ishe. Kubva nhasi zvichienda mberi, ngandive weNyu zvachose.” Chingonamata zvino, munamato mudiki kuna Mwari; uri nyore, munamato uyu, vana, tese.

Iwe Gwayana reKarivhari,
Muponesi weKudenga;

Ingotendeuka mumoyo mako.

. . . ndinzwei pandinonamata,
Bvisai zvivi zvangu zvose,
O ndiitei kubva nhasi
Ndiva weNyu zvachose!

Apo ndofamba muninga yehupenyu ine rima,
Uye marwadzo owedzera akandikomba,
Ivai iMi Mutungamiriri wangu;
Rairai rima rive masakati,
Pukutai kusuruvara, kutya zvibve,
Kana kumbondirega ndichitetereka
Kubva kwaMuri ndichitsauka.

³⁸² [Hama Branham vanoimba mahon’era *Kutenda Kwangu Kunotarira KwaUri—Mupepeti*] Avo vatenda, mukabvisa mamuri zvose pamberi paMwari, uye mazvipira kuti hapana chinhu chichakudzivisai zvachose, hamuzombopupura nezvekugona chero kupi zvako, uye munoshuvira kuzvijekesa, chaizvo pachena naMwari, chidziva chine mvura machiri, chichigadzirira rubhabhatidzo. Madzimai ngavaende kurudyi rwangu, navarume kuruboshwe rwangu. Sevhisu yerubhabhatidzo ichange iripo muchinguvana. Avo vasina chinhu mavari, makagadzirira kusatenda zvinotaurwa nevashumiri, zvinotaurwa nevafundisi, zvinotaurwa nemasangano, asi muchatora nzira yaShe, vachatenda ZVANZI NAJEHOVHA, huyai zvino.

Apo ndofamba muninga yehupenyu ine rima,

Vachange vari madzimai ari neche *uku*, varume vari neche *uku*. Ndiko kudanira vanhu kwako kuartari, “Vose vakatenda, vakauya uye vakabhabhatidzwa.”

. . . Mutungamiriri wangu;
Rairai rima rive masakati,
Pukutai misodzi yokusuwa ibve,
Kana kundirega ndichitetereka
Kubva kwaMuri ndichitsauka.

³⁸³ Vangani madzimai ari muno mangwanani ano . . . Ndinotaura izvi muZita raIshe Jesu! Vangani venyu vanonyara nevhudzi pfupi iroto rauinaro, unoda kuti Mwari, nenyasha dzaVo, vakuitire kuti rikure? Mwari vakuropafadzei.

384 Vangani varume vanonyara kuti unorega mudzimai wako achiputa fodya, nekupfeka midhebhe chaiyo inova iri yako?

385 Uye Bhaibheri rakati, “Chinyangadzo pamberi paMwari.” Munoziva here kuti Mwari havagone kushanduka? Havagone kushanduka. Vane hunhu humwe, ndihwo hutsvene. Havagone kushanduka. Kana ukasafanana naVo, hausi kuzoVaona, “Pasina hutsvene hapana munhu achaona Ishe.” Uye kana kupfeka midhebhe kuri...kuchiita kuti Mwari varware nomudumbu maVo nekurutsa, Vanorwara, uye *zvinyangadzo*, “tsvina,” uchazombo...uine mweya wakadaro mauri zvino ungazombosvika Kudenga? Uchasvika sei Kudenga uine bvudzi pfupi, ivo Mwari vakati, “Zvinonyadzisa kuti mukadzi agere bvudzi rake”? Anoramba zvikonzero zvacho chaizvo zvekuve mu—mudzimai. Mwari havashanduke. IShoko raVo, shamwari, zviri nani uteererere.

386 Uye imi varume munotendera madzimai enyu adaro, hamuzvinyarirewo here? Hamunyare here?

387 Musaita seMudzimai weMutungamiri wenyika. Itai saMwari! Maona? Bvisai mamuri zvemaitiro aya echizvino-zvino enyika, kuitira kuti Kristu agoZvidurura mauri uye iwe ugonyatsozadzwa neMweya Mutsvene.

388 Haakwanise kuzviita, haAkwanise kuzviita, zvino—zvinopesana nemaitiro aKe; Anofanira kuti apikisane neShoko raKe, uye izvozvo ndizvo zvaAsingaite; haAzozviita chero bedzi—usingafambirane neShoko raKe. Unofanira kuuya... Tinofanira kusvika pane iRi pasati pava nechimwe chinhu chaitwa. Munoziva izvozvo, mumwe nomumwe wenyu anozviziva. Vangani vanozvitenda, simudza ruoko rwako. Chokwadi, munozvitenda, zvino ngatiitei chimwe chinhu nezvazvo.

389 Mwari, tinzwireiwo tsitsi! TinoVada zvakanyanya! Hepano patiri, tose pamwe chete zvino. Rangarirai zvino, paKutongwa, kana ini...Ndichafanira kuti ndimire (uye zvinogona kuitika husiku husati hwasvika) ndotaraisana neShoko rose randakataura. Munoono, ndinofanira kutarisana naRo. Zvino, rangarirai kuti kusarurama kwakabva mumaoko angu, kwakabva muhana yangu, kwakabva mumweya wangu, kwakabva pana Mwari.

390 Kana ukarega...Kana wakamira muzvinhanu izvozvo uye usiri kunzwa kupomerwa mhosva (fiyuu!), chii—chii—chii chauchaita? Unobva waziva kuti Mwari havashande newe, unoziva kuti wadarika Izvozvo. Maona? Wapfuura Izvozvo. Unogona kunge uchinamata zvakanyanya, unogona kunge uri wemachechi nezvimwe zvakadaro, asi wapfuura Izvozvo. Shoko raMwari rinodzika mukati roburitsa munhu kunze. Ndicho chinhu chinovadzosa. Maona? Saka ndiro Shoko. Ndinokumbira chero mushumiri upi, chero munhu upi, chero kupi zvako,

kuti arambe Izvozvo achipesana neShoko raMwari. Ndizvozvo. Hazvina kudaro, munoono.

³⁹¹ Saka ngativei Makristu chaiwo. Kunyange isu vanoedza, vanoedza, tinoda kutemwa uye tofashaidzwazve. Hongu, changamire, tose tinozvaida.

³⁹² Mwari, ndinzwireiwo tsitsi. Mwari, nditorei mundiumbe. Ivavariro yangu, mushure mevhiki rino, kuenda pamberi paMwari, kuti ndione zvekuita zvinotevera. Mwari, nditorei. Chii . . . Zvose—zvese pamusoro pangu, uye pane zvakawanda, zvisina kunaka, Mwari, zvigurei, ndiwo munamato wangu mangwanani ano. Dzingisai mwoyo wangu, nzeve, zvandiri ini. Ndiitei, Ishe, ndiitei chimwe chinhu chino . . . chero zvaVanoda kuti ndive. Ndiwo munamato wangu.

³⁹³ Chero zvandinofanira kuva, gurai, ndigurei, Ishe. Ndiratidzei muShoko, ndiudzei, ndichaenda ndinozviita. Regai Ishe vazvitaure, uye ndicha . . . Ndiri ipapo ndakagadzirira kurarama nazvo. Zvose zvinotaurwa neShoko raMwari, ndizvo zvandinoda kuva. Ndinoda kuva mu—Mukristu muShoko raMwari, “Ndorega shoko rose remunhu rive nhema, uye raMwari rive rechokwadi.” Haangave iwo maitiro enguva yacho, hazvingava saizvozvo here? Ndiyo nzira yaunozvitenda here?

³⁹⁴ Uri kutsvaga nzvimbo yerubhabhatidzo here, mwanakomana? Hongu, kumashure neche kuno uku, hama, musamirire henyu. Zvakanaka, neche uku chaiko.

³⁹⁵ Vazhinji venyu munofanira kunge muchiuya, varume nemadzimai vatendi, vari . . . vachireurura zvivi zvavo, kubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. (Nenzira *iyi*, hama.) “MuZita raJesu Kristu kuti varegererwe zvivi zvavo, uye vachazadzwa neMweya Mutsvene.”

³⁹⁶ Zvino, kwamuri imi vanhu vechiKatorike pano, ndizvo zvinoreva kuregererwa kwechivi. Munoti kereke ine simba rekuregerera zvivi, ko kereke yakaregerera zvivi sei? Mwari . . . Jesu akaudza kereke kuti, “Ani naani wamunokanganwira zvivi, vazviregererwa. Ani naani wamunochengetera, zvachengetwa kwavari.” Vairegerera sei vekutanga, zvitadzo mukereke yekutanga? Vakavadaidza kuti vatendeuke, uye vakavabhabhatidza muZita raJesu Kristu kuti varegererwe zvivi zvavo. Kwete mukamuri yekureurura; kwete, zvirokwazvo. Asi vakatendeuka pamberi paMwari, mumwoyo yavo pavakanga vakamira ipapo, uye vakatenda. “Uye vose vazhinji vakabha- . . . vakatenda vakabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, uye vakazadzwa neMweya Mutsvene.” Ameni. Munomuda here?

Zvino ngatisimukei.

³⁹⁷ Zvino, kuchave nevazhinji vanoda kumirira sevhisi yerubhabhatidzo. Vamwezve vari kuda kuuya, vamwezve vatenda? Huyai, kune rimwe divi; varume kuruboshwe; kurudyi,

madzimai. Tenda kuna Ishe Jesu nomwoyo wako wose, nezvose zviri mauri.

³⁹⁸ Zvino ngatikotamisei misoro yedu pamwe chete, tichidzokorora muenzaniso wemunamato pamwe chete, ndichinzwa kutungamirirwa nenzira isinganzwisike kuita izvi zvino. Tichikotamisa misoro yedu, imi namatai neni:

Baba vedu Vari Kudenga, Zita renyu Ngarikudzwe.


Humambo hweNyu ngahuuye. Kuda kweNyu ngakuitwe panyika, sezvazviri Kudenga.

Tipeiwo nhasi uno kudya kwedu kwamazuva ose.

Uye mutiregererewo kutadza kwedu, sekuregererawo kwatinoita vanotitadzira.

Uye musatipinza pakuedzwa, asi tidzikinurei kubva pane zvakaipa. Nokuti Humambo ndehweNyu, nesimba, nekubwinya, nekusingaperi. Amenii.

³⁹⁹ Zvino ngatirambei takakotamisa misoro yedu. Uye ndichakumbira Hama Neville kuti vauye vaise munamato, vataure zviri pamoyo wavo, uye vozozivisa nezvesevhisi yerubhabhatidzo rwuri kugadzirirwa zvino.

⁴⁰⁰ Mwari vakuropafadzei, ndiwo munamato wangu. Ndichakunamatirai, imi ndinamatireiwo. Ndinotoda minamato yenyu chaizvo. 

61-1119 Simba Rakakwana
Kubudikidza Nehutera Hwakakwana
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org